

OPWÒB POU KÒZ PAWÒL LA



Mèsi, Frè Neville.

Mwen te di Frè Neville: “Ou sèten ou pa t gen on ti kras onksyon maten an?”

² Mwen vini pou m priye pou malad yo. Te gen kèk moun ki te rasanble nan sa nou . . . nan yon dimanch maten byen bonè. Sa m gen pou m okipe yo laba a, mwen jis fè yo vin isi a nan legliz la. E mwen—mwen toujou panse li pi bon pou priye pou malad yo nan legliz la. M pa konnen. Mwen renmen legliz, epi pou vin isi a kote k gen asanble a, moun yo isi a k ap priye.

³ E te gen yon ti fi dèyè a la, yon ti fi vrèman bèl, enben, mwen panse li chita yon kote isi a kounye a, si moun yo pa t al lakay yo. O, mwen wè l kounye a. E sa se ti bagay ki pi bèl la. E li malad anpil. E nou t ap koute, lè nou te tandè mesaj an lang yo ak entèpretasyon ki te bay yo. E nou t ap koute, e nou te panse nou te konprann ke yon bagay te di sou yon ti fi. E nou t ap tann pou wè si Seyè a te bay yon mesaj, kisa pou di ladann. Men mwen panse ke ti fi a kòrèk kounye a, e li pral geri. E kifè . . .

⁴ E te gen yon dam ki te vin avèg, tou, e nou t ap priye pou li. Epi yon nonm nan yon anbilans laba a, yon minis. Mwen pa kwè nonm lan ta peze trant senk liv, oswa karant. Jis—jis trè, trè . . . E kifè mwen desann pou m priye pou yo.

⁵ E rezon ki fè m te on jan ezite, anpil, yon plonbaj te tonbe sot nan dan m. E sa fè m ap sifle, maten an, atravè kote sa a nan dan m lan, devan la a. Epi yo di m kounye a mwen dwe taye yo, epi mete kouwòn sou yo. E kifè vyeyès sa jis ap enstale tèt li, se sèl bagay mwen konnen. E m te gen yon plonbaj nan sa a, e on jan mwatye ladan l, e lè m te kòmanse pale, ou ka santi l, van an k ap pase atravè, ou—ou konn sa m vle di, soti nan bouch ou. E sa fè w, tankou, on jan pale sou lang.

⁶ Vrèman nou se yon pèp privilejye pou n vivan maten an, epi pou n kapab vin legliz. Epi lavèy Nwèl sa, ap tann selebrasyon ke yo genyen an, ke, mwen—mwen espere mwen . . . Genyen twòp timoun isi a maten an, kifè m ap jis rete trankil. Ou wè? E nou menm granmoun, pafwa, nou di bagay ke timoun yo pa ta dwe menm tandè, nou konnen.

⁷ Men, mwen panse ke legliz la gen yon ti kado isi a pou timoun yo, apre yon ti moman. Mwen te jis ap gade l, dèyè a la. O, nou dwe rete. Apre lekòl dimanch lan, jis ret tann, ou wè, paske mwen—mwen panse ke yo te gen kèk kado dèyè a la pou ti kanmarad yo, pou distribye maten an. E lè mwen . . . Nou menm ti zanmi, sonje, pandan n ap fè sa, mwen vle rann sa klè, se pa Tonton Nwèl, paske sa se yon istwa ke yon jou nou pral aprann li pa gen

anyen ladan l. Men li soti nan Jezikri, Verite tout verite yo, nou wè, Pitit Bondye a. E n ap ba ou ti kado sa, maten an, paske l ap fè w konnen ke yon fwa Bondye te bay pi gran kado ki te ka janm bay ras imen an: Pitit Li a. E nou gen yon fason pòv, pou eksprime li. E pa gen anyen nou ka bay pou konpare ak sa. Men jis antanke mòtèl, youn a yon lòt, se sa n ap fè.

⁸ Bon, m ta pral tann jouk dimanch pwochen. E petèt m ap fè l, kanmenm, pou di yon bagay ke m te vle di. E gen yon bagay ke nou vin—vin konnen, anwo lakay, nan yon vizyon, ke m dwe swiv li. E li on jan . . . Li on jan, sanble, li ta on jan rèd, men nou pa janm vle panse ke sa Bondye di a rèd. Fado pa Li—Li yo lejè.

⁹ E kòm dimanch pwochen, si Bondye vle, nou pral gen youn—yon sèvis isi a ki jis anvan Lavèy Nouvèl Ane a, si Seyè a fè nou favè pou gen sèvis sa. E nou vle gen youn sèvis maten, lapriyè pou malad yo, e petèt yon sèvis batèm. Alò mwen te panse, fè piblisite pou li bay zanmi nou yo, pou yo te ka vini. Alò n ap gen dimanch maten ak dimanch swa. Epi moun yo ki vle rete la pou Nouvèl Ane a, alò nou gen youn . . . Èske nou pral gen Veye a, fwa sa a? [Frè Neville di: “Wi.”—Editè a.]

¹⁰ Pral gen plizyè minis isi a, ki pral pale lavèy Nouvèl Ane a, jouk minwi. E—e nou envite minis sa yo pou vin pale. Si Seyè a vle, mwen vle pou m youn ladan yo ki gen yon bagay pou di lavèy Nouvèl Ane a.

¹¹ Epi dimanch pwochen, mwen te panse ke m ta pral ekspoze yon seri de bagay ki t ap pase, ki te pase, montre kòman Bondye ap trete ak pèp Li, epi mennen l drèt nan youn—youn pwèn ki pi wo isi a nan legliz la.

¹² E anpil nan nou ap poze tèt yo kesyon sou zafè taks sou revni sa ke nou t ap pase ladan l lan. Li regle. E kifè mwen vle di nou kijan sa te rive, tou. E mwen panse, se t ap, pou m oblije rekòmanse di l ankò, dimanch pwochen, kifè m ap jis tann jouk dimanch pwochen. Epi eseye pale avè nou yon ti kras, maten an, nan Pawòl la. Ou wè? Epi dimanch pwochen, mwen pral—pral eseye, si Bondye vle, di nou kijan tout sa te rive, epi pote ba nou chak nan bagay ke Seyè a te di, epi gade li rive jis egzakteman nan plas li, jis plase egzakteman nan plas la. Ou wè? Li pa di anyen ki fo.

¹³ Men, kounye a, yon sèl bagay ke m swete di maten an, ke petèt m p ap fè l, m pa pral fè l dimanch pwochen, se konsènan yon bagay ki te rive yè. Mwen te yon ti kras ezite pou m antre maten an, paske mwen vrèman on jan boulvèse, kifè ke mwen—mwen pa twò santi m sou sa. Men kòm mwen isit la, ebyen, m pral eseye fè tout sa m kapab.

¹⁴ Anvan yè swa, m te gen vizit, Frè ak Sè Sothmann, ke nou konnen isi a, youn nan administratè legliz la, ak madanm li, te vin vizite madanm mwen avè m. E nou t ap pale de reyinyon ki t ap vini yo nan Phoenix ak nan zòn lan, si se volonte Seyè a. E nou

te rete kanpe jiska apeprè dizè edmi, mwen kwè, e m t al dòmi ozalantou onzè yo.

¹⁵ E yon moman nan nwit la, mwen te fè yon rèv. E nan rèv sa mwen te wè yon moun ki te sipoze papa m; yon gran, kokennchenn nonm, ki jis reprezante, an palan nan yon sans senbolik, papa m. M te wè yon fanm, ki pat sanble ak manman m; men, poutan, li te sipoze manman m. E nonm sa a (ki te sipoze tankou papa a, mari fanm sa) t ap maltrete l yon fason kriyèl, sitèlman ke li te gen yon gwo moso bwa, e li t ap kenbe l *konsa* epi frape l ak moso bwa sa a, epi l te tonbe epi li te blayi atè. Epi alò—epi alò, apre yon ti tan, li te tounen leve ankò. Epi misye te apwoche, li te fè lide pou l frape l ankò, li te frape l ankò. E m te kanpe a on distans, ap gade l.

¹⁶ Finalman, mwen te jis bouke ak sa. E m te pi piti anpil pase nonm sa, ki te sipoze tankou papa m. Alò m te pwoche bò kote l epi m mete dwèt mwen nan figi l. Mwen di: “Pa frape l ankò.” Ou wè? E lè m te fè sa, yon bagay kòmanse rive. Bra m yo kòmanse ap gonfle, epi m te gen gwo, gwo misk byen djanm. Mwen pa t janm wè misk konsa. E m te jis pran nonm lan nan kòlèt, epi m di: “Pa frape l ankò. Si w fè sa, w ap gen pwoblèm avè m si w frape l ankò.” Epi mesye a te vin pè m, e li te kite l trankil. Mwen te reveye.

¹⁷ Ebyen, antan m te lonje la, jis nan yon moman, natirèlman, entèpretasyon pou sa a vini. Se te, natirèlman, fanm lan, an palan nan yon sans senbolik, se Legliz la, ki se yon jan de manman. Papa a se denominasyon an k ap domine sou li a, k ap domine sou Legliz la, tankou yon mari sou madanm li. E se denominasyon sa yo k ap frape Legliz sa, e yo pa menm kite l leve sou pye l konsa. Jis, chak fwa li eseye leve oswa fè yon bagay, yo, moun ki anndan la a, denominasyon an frape l atè. E sa jis vle di pou mete an aksyon kèk—kèk misk lafwa isi a pou kontinye lonje dwèt mwen la, epi ap di: “W ap gen pwoblèm avè m. Ou wè?” Paske, gen kèk moun anndan la ki pou Bondye. E sa te kòrèk. Konsènan . . .

¹⁸ Nou te ret kanpe apeprè dezèdtan, oswa twa, mwen sipoze. E pitit fi m lan, youn nan yo, Rebekah, dèyè a la, l ap travay nan Lopital Metodis nan Louisville la. Se, o, on jan de fòmasyon pou enfimye amatè. Se “candy stripers,” yo rele yo, oswa yon bagay konsa. E li te, li . . . Yo te rele l pou l vini jou maten sa, e se sa ki te fè m leve. E li te bonè, e li, ak yon lòt ti kòlèg lekòl isi a, yo—yo travay la ansanm, e m ta pral mennen yo nan Louisville. Yo te dwe la a dizè. Epi madanm lan te mande tèt li poukisa li pat ka antre nan chanm lan. Mwen te bloke l.

¹⁹ Bon, mwen te gen anpil bagay ki rive nan vi m, men m pat janm gen anyen konsa. Mwen te antre nan yon trans. M pa konn entèpretasyon an. Mwen pat janm gen anyen tankou sa nan vi m. Men, devan m, li sanble ke m te reyalize ke se te yon vizyon, e mwen te nan vizyon an. Men mwen t ap pale ak pitit gason m

lan, Joseph. Se ke, li pa t nan chanm lan nan moman an. Men yon jan kanmenm, jis kan sa te vin sou mwen, m t ap pale ak Joseph.

²⁰ E mwen—mwen te leve je m gade. E te gen nan fòm yon piramid, devan m, te gen ti, zwazo piti, yon bagay tankou yon mwatye pous nan longè. Epi yo te, anwo a, sou branch yo, te gen yon . . . nou ka di, twa oswa kat. Epi, pwochen, pwochen branch lan te gen petèt uit oswa dis. Epi anba a, te gen kenz oswa ven.

²¹ E yo te ti gèye, paske plim yo te nan batay, e te sanble tankou yo t ap eseye pale avè m, ap di yon bagay. E mwen te nan Lwès, sanble nan zòn Tucson, Arizona. Epi zwazo yo t ap gade nan Lès. E m t ap koute byen. Yo t ap eseye di, te sanble tankou yo t ap eseye di m yon bagay. Epi yo te gen ti plim yo, yo tout te an dezòd, ak bagay konsa. Yo te gen bon jan mak lagè. Alò, toudenkou, yon zwazo kòmanse pran plas lòt la, ap sote *konsa*. Epi yo, ti zwazo yo te pati byen vit, ap vole nan direksyon lès.

²² E lè yo te fè sa, apati de sa yon pi gwo zwazo te vini, yo te plis sanble ak kolonm, ak zèl yo pwenti. E—e—e yo te vini an gwoup, epi byen rapid, pi rapid pase sa ti zwazo yo te ye, yo te vole nan direksyon lès.

²³ E mwen toujou nan pa m . . . de konsyans yo ansanm, mwen te konnen mwen te kanpe la a, e mwen te konnen mwen te yon lòt kote. Ou wè? E m te panse: “Bon, sa se yon vizyon, e m dwe aprann kisa sa vle di.”

²⁴ E apèn ke dezyèm gwoup zwazo a te pase, m te gade nan Lwès. Epi li te tankou nan fòm yon piramid, tankou de sou chak bò, ak youn nan tèt la, senk nan Zanj ki pi pwisan ke m te janm wè nan vi m te vini. Ak yon vitès tèrib konsa, ke m pat janm wè. Tèt yo tounen dèyè, ak zèl pwenti Yo, jis t ap deplase byen vit! Epi pwisans Bondye Toupwisan an te sezi m, nan yon fason tèt, jouk Li te soulve m anlè tè a, depi atè a, jouk anlè.

Mwen te ka tandè Joseph ki toujou ap pale.

²⁵ Epi yon bri tankou lè baryè son an brize, ke—ke yon gwo gwonde te fèt, nan yon distans byen lwen, nan Sid la. E lè yo te leve m anlè. . . E te gen yon vitès Zanj yo sitèlman tèrib! E mwen—mwen ka jis wè Yo kounye a menm, ou wè, antan—antan Yo t ap vini, nan fòm sa *konsa*, yo jis fonn drèt sou mwen.

²⁶ Bon, m pa t ap reve, la. Non. Mwen te drèt la, byen reveye jan mwen ye kounye a. Ou wè?

²⁷ Men men Li te rive la a. E Yo te sitèlman rapid anpil, jouk mwen te panse, lè Li te monte. . . Mwen te tandè eksplozyon sa a, tankou, oswa tankou yon eksplozyon ki te pati, tankou yon baryè son. E lè sa te fèt, m te panse: “Ebyen, sa dwe vle di ke m ap pare pou sa touye m, ou wè, nan yon sòt de eksplozyon.” E—e mwen jis. . . Pandan m te panse sou bagay sa yo, m te panse: “Non, li pa t ap sa. Paske, si se te yon eksplozyon, li t ap pran

Jozèf, tou. Paske, men li, k ap pale toujou, ki panse mwen la. Mwen ka tandè l. Se pat sa.”

²⁸ Bon, tout sa se toujou nan vizyon an. Li pat. . . Ou wè? Se te nan vizyon an.

²⁹ Epi, toudenkou, pandan m te reyalize ke m te. . . Yo te toutotou mwen. M pa t ka wè Yo, men yo te mennen m nan konstelasyon an piramid sa ke Yo te fòme, anndan konstelasyon sa ak—ak Zanj yo, ki te senk. E m te panse: “Bon, Zanj lanmò a t ap sèl. Senk t ap gras.” Mwen t ap panse sa. M te panse: “O! L ap—L ap vini ak Mesaj mwen an. Sa se dezyèm pwen kilminan m lan. Y ap vini pou pote Mesaj Seyè a pou mwen.” E m te rele ak tout fòs mwen, byen fò otan m te kapab: “O Jezi, kisa W ta vle m fè?” E lè m te fè sa, Li te jis—jis kite m.

³⁰ Mwen—mwen—mwen jis pat santi m kòrèk, depi lè a. Ou wè? Mwen te, tout jounen yè, mwen te dwe rete nan kay la, prèske santi m pa nan mwen menm. Mwen pa ka fè panse m vin klè. E glwa ak pwisans Seyè a! Mwen te angoudi toupato, lè Sa te kite m. M t ap eseye fwote men m. Epi m te panse: “M pa ka reprann souf mwen.” Epi m te mache fè tou a, epi m travèse atè a, epi m fè ale vini. M te panse: “Kisa sa vle di, Seyè? Kisa sa vle di?” Alò, m te rete. Mwen di: “Seyè Bondye, sèvitè Ou se. . . Mwen—mwen jis pa ka konprann. Poukisa? Kisa sa te ye? Fè yo konnen l, Seyè.” Ebyen, lè. . .

³¹ Mwen pa ka eksprime nou li, lè m di: “Pwisans Seyè a.” Pa gen okenn fason pou eksplike sa. Se pa sa w santi isi a, nan benediksyon yo. Sa se benediksyon Seyè a. Sa se yon bagay sakre! O la la! Li—li depase nenpòt bagay ke yon mòtèl te ka menm imajine. Ou wè? E sa—e sa t ap deranje m, vrèman anpil. Li pa. . . Se pa yon benediksyon. Se yon twoub. Ou boulvèse. Ou wè? Se sa l ye. Si w te ka sèlman. . .

³² Si m te ka sèlman jwenn yon fason ke m te ka di moun yo kisa sa te ye, oswa kisa li. . . ki sansasyon sa te ye! Se, se pa jis tankou nou chita isi a, nou vle rejwi. Se—se yon bagay ke chak nè nan ou jis. . . Li depase pè. Li depase perèz. Se yon sen respè. Nan. . . Mwen. . . Pa gen okenn fason pou eksplike sa. Menm, jouk, tout do m, anwo anba rèldo mwen, atravè dwèt mwen, monte desann sou pye m ak zòtèy mwen yo, tout èt mwen te jis angoudi, ou wè, jis tankou ou te—ou te soti kite mond lan, yon kote. E—e sa t ap kite m, piti piti, e m te pale ak—ak Seyè a: “Èske W ap jis fè m konnen, O Bondye?”

³³ Mwen kwè, ke, sa m te santi ki te plis sanble ak fòs sa, se te lè m te Zurich, Laswis, nan moman sa a lè Li montre m Èg Alman sa a ki t ap gade kavalye anglè sa a ki t ap travèse Lafrik. Epi Li di: “Tout moun fè peche e yo manke laglwa Bondye.”

³⁴ E m t ap rele bay Seyè a, pou L ede m. E mwen—mwen vle L ban m entèpretasyon an, paske m te mande m si sa te vle di—si sa te vle di ke m ta pral ale, yo ta pral touye m. E si se te sa, m

pa ta pral di fanmi an anyen sou sa. Se tan pa m pou m al Lakay, enben, m ap jis al Lakay, se tout sa. Men si—si se sa li te vle di, mwen pat vle di fanmi an, mwen pat vle yo konnen anyen sou sa. Jis kite sa fèt, epi se—se tou.

³⁵ Mwen di: “Seyè, ede m. Mwen pa vle di fanmi an, si—si Ou se. . . Sa, se apèl mwen pou Lakay, ebyen, m pral—m prale.” Ou wè. Mwen di. . . E, ou konnen, ou se. . .

³⁶ Ou di: “Ebyen, poukisa ou pat panse a sa w te di nan vizyon an, sa vizyon an te di?”

³⁷ Men ou pa ka panse a bagay konsa lè sa a. Ou. . . mwen pa kapab, tout jan. E m te panse. . . M te jis boulvèse, kontrarye. Ou pa konn kijan pou panse. Ou pa ka panse.

³⁸ Epi m te di: “Papa ki nan Syèl la, si sa te vle di ke—ke yon eksplozyon ta pral pran m, ebyen, kite m konnen kounye a, konsa m p ap di anyen sou sa. Kite glwa Ou ak pwisans Ou vin sou mwen ankò, epi sòlve m ankò. Oswa, kite glwa W vin sou mwen, e alò m ap—m ap konnen lè sa a ke se sa sa vle di—sa vle di, e konsa mwen ka kenbe l pou tèt mwen.” E anyen pa t rive.

³⁹ Alò apre sa mwen di: “Alò, Seyè, si sa te vle di ke Ou pral voye Mesaje Ou yo pou komisyon mwen an, alò kite pwisans Ou vini ankò.” Li te manke fè m soti nan chanm lan!

⁴⁰ Menm si, mwen—mwen te vini nan mwen menm, ak Bib mwen nan men m, lè sa a, ou wè, epi mande Bondye ede m. E lè m te fè sa, Li—Li te montre m yon bagay nan Lekriti, ki te gen rapò ak sa, drèt la. E m te panse: “Èske sa ta ka vrèman sa? Kijan m te fè sa?” Epi, o, mwen—mwen pa ka eksplike bagay sa yo, moun mwen yo. Li depase tout sa m konnen. Ou wè?

⁴¹ Madanm mwen se yon fanm trè etranj, youn nan pi bon nan mond lan. Men, pandan yon ti tan, mwen pa t di anyen sou sa. Mwen te kontinye. Li te konnen te gen yon bagay ki te pase. Alò lè m te di l, li di: “Ou konnen, Bill, mwen wè w epi m tandè w, nan anpil nan bagay sa yo.” Li di: “Ou konnen mwen kwè nan ou ak tout kè m,” li di. Li di: “Men la te vrèman gen yon bagay.”

⁴² Li jis sanble, sa jis sekwe m, eksplozyon sa ak vitès Zanj sa yo rive konsa, senk nan yo an menm tan, nan yon—yon konstelasyon yo te fòme. Tankou, yon jan tankou—tankou m te desine piramid sa isi a, ou wè, yo te sanble yo te, okòmansman, yo te sanble, yon jan de yon. . . nan yon distans, yo te sanble yon jan tankou koulè kolonm sa yo. E yo te vin soti nan—nan direksyon sa a. Epi, sanble, yo te youn, de; twa, kat; epi youn drèt nan tèt la, ou wè, sa ki te fè senk. E yo vini ak yon tèl vitès! Pa gen anyen, pa gen jèt, pa gen anyen lòt ki ka konpare ak sa.

⁴³ E m ka jis wè yo, epi tèt yo on jan vire sou kote. Zèl sa yo te panche deyè, tou blende nèt, e men yo vini, alò “Fiouw!” konsa. Yo jis desann drèt, epi yo te jis mennen m drèt nan konstelasyon an piramid sa a ke yo te fòme a. Mwen te wè yo te sòlve m,

leve anlè tè a. M tepanse petèt . . . M te tande, byen lwen nan yon distans, gwonde sa: “Woum!” Tankou yon—yon—yon avyon lè li travèse baryè son an, ou te tande sa rive konsa, jis tankou yon gwonde byen lwen.

⁴⁴ M tepanse: “Sa ka vle di la, lè vizyon sa la kite m, ke yon eksplozyon oswa yon bagay pral touye m.” M tepanse: “Men mwen. Yo soulve m. Mwen . . . yo, yo isi a yon kote, mwen—mwen nan sa, piramid Zanj sa yo isi a. Men, mwen—mwen pa konnen. Petèt Seyè a ap vini pou mennen m Lakay.”

Alò mwen te tande Joseph anba la, k ap di: “Papa?”

M tepanse: “Non, si se sa, li t ap pran l, tou.”

⁴⁵ Apre sa yon Bagay di: “Ou . . .” Sonje, m ap tann, ap siveye yon Mesaj ke m te toujou espere, yon bagay.

⁴⁶ Epi vizyon an, lòt jou a, ou konnen, jan m te genyen l isi a sa pa fè lontan, osijè de sa ki ta pral rive, kijan m t ap preche nan, depi solèy la, nan plas sa. Epi—epi Li di: “Kounye a sonje, dezyèm pwen kilminan an gen pou l vini.”

M tepanse: “Pral gen yon Mesaj.”

⁴⁷ Nou sonje Mesaj m te preche isi a? Ouvèti pyè angilè sa a, kote, sèt vwa ak so sa yo ki pa menm ekri nan Pawòl Bondye a. Nou sonje? E sa te mennen m nan piramid sa.

⁴⁸ E Junie Jackson, si w isi a, rèv sa ke w te ban mwen an sa pa fè lontan. Mwen p ap rakonte l maten an. Ou te tèlman . . . Se te Bondye si pafètman. Epi ekskize m poutèt m pa ba ou entèpretasyon an; paske, mwen te wè yon bagay ki te an aksyon.

J. T., menm bagay la, ou wè. E mwen—mwen—mwen te konnen sa.

Epi Sè Collins, egzaktman menm bagay la. Ou wè?

E te genyen sis sa yo, ki te endike egzaktman menm bagay la.

⁴⁹ Epi vizyon ke m te di nou tout la, plizyè lane de sa, li te rive jis lòt jou a. Ou wè? Sa ki ta pral rive.

⁵⁰ Epi men li, ki la egzaktman, tout bagay egzaktman an plas. Se jis yon bagay ki nan wout. M pa konn sa l ye. Se pou Bondye ede m; se priye mwen.

Annou lapriye.

⁵¹ Papa nou ki nan Syèl la, nou se—nou se jis mòtèl, e men nou kanpe isi a maten an. Epi, Seyè, mwen . . . Ou te voye m pou kondwi ti twoupo sa ak legliz sa. E mwen rive nan fen mwen. M pa konn nan ki direksyon, ni kisa, ni ki kote, ni sa k ap vini. Men mwen konnen yon sèl bagay, ke, Ou te di Ou t ap fè “tout bagay mache ansanm pou byen sila yo ki” renmen W epi ki aple selon plan Ou. Mwen priye W, Bondye, ke gran men mizerikòd Ou a va sou nou.

52 Nou konnen vrèman ke Ou se Bondye. E nou konnen ke Ou pa youn ki te viv nan yon tan ki pase, men W ap viv ankò jodi a. Ou te toujou Bondye. W ap toujou Bondye. Ou te Bondye anvan tan an, e Ou va Bondye lè pa gen tan ankò. Ou va toujou Bondye.

53 E nou nan men Ou, Seyè. Nou se jis ajil, e Ou se Moulè a, Potye a. Fòmè lavi nou, Seyè, nan fason ki va sèvi pi byen pou onore W. Akòde l, Papa. Nou jis nan men Ou.

54 Nou pa t gen oken mwayen pou mennen tèt nou isi a, oswa nou pa konnen ki jan nou va soti. Seyè a, Ou ban nou lavi, e Ou gen . . . Nou remèt lavi nou ba Ou, e, konsa, Ou ba nou, ann echanj, Lavi Etènèl. Lafwa nou soufle sa nan èt nou menm. E nou renmen W pou sa, paske nou konnen ke yon jou n ap wè W, e W ap nan laglwa Ou. E nou pral kontanple Li. E nou anvi tande pawòl sa yo: “Sa te byen fèt, bon sèvitè fidèl Mwen. Antre nan jwa Seyè a, ki te prepare pou ou depi fondasyon mond lan.” Jouk lè sa a, O Bondye, lè nou tout va rankontre, kondwi nou.

Nou se sèvitè W, e nou mande padon pou peche nou yo.

55 Vizyon pwisan sa yo, Seyè, se twòp pou sèvitè Ou. M pa konn kisa pou m fè. Mwen—mwen jis konnen yo vini. E m ka sèlman di sa m te wè, ak sa k te di. E pafwa sa fè m pè, Seyè. E mwen—mwen mande m kisa pou m fè.

56 Alò mwen pran Bib la epi m li la a kijan Ezayi te dwe santi l jou sa nan tanp lan, lè li te wè Zanj sa yo, zèl yo te kouvri pye Yo. Se pa etonan li te rele: “Malè pou mwen! paske je mwen wè glwa Seyè a.”

57 Epi se te lè sa pwofèt la te rele: apre yo te fin pwòpte l nan tanp lan, lè Zanj lan te pran pensèt yo epi L te pran yon chabon Dife epi L te poze l sou bouch li; apre li te konfese ke li te yon nonm ak bouch enpi, epi k ap viv avèk, nan mitan moun ki pa pwòp. Poutan, li te yon pwofèt. Zanj lan te pran pensèt yo epi L te mete chabon Dife a sou bouch li epi L te pwòpte l, epi L di: “Kounye a ale, pwofetize.”

Seyè Bondye, Ezayi te rele: “Men mwen, Seyè. Voye m.”

58 Lè, Li di: “Kimoun ki prale pou nou?” Bò kot jenerasyon mechan epi adiltè sa a!

59 O Bondye, kite l repete ankò. Kite l vini ankò, O Seyè. Voye Sentespri a ak Dife pirifikasyon an. Paske, mwen konfese, mwen gen bouch enpi, e m abite sou tè sa isi a ak moun ki pa pwòp. E nou pa pwòp nan je Ou, Seyè. Men, o, voye pwisans pirifikasyon an, Sentespri a! Pirifye nou, O Seyè. Pirifye sèvitè Ou, Seyè.

60 Epi apre sa pale, Seyè. Sèvitè W la ap koute. Mwen anvi tande Vwa sa. Se pa W mwen ye. Sèvi avè m, Seyè, jan Ou wè sa bon, pandan m ap depoze tèt mwen sou lotèl Ou a. Kite Sentespri a pirifye m, Seyè; epi wenn mwen epi voye m, Seyè, si W vle yon moun ale, si se lè a e si se tan an.

61 Mwen—mwen pa konnen, Seyè. Mwen—mwen jis konnen ke mwen te wè Zanj sa yo. E Ou konnen ke bagay sa yo se egzakteman Laverite. E mwen priye, Seyè: “Malè pou mwen,” kifè ede m.

62 Epi kounye a beni moun sa yo. E nou isi a jodi a, jis anvan lavèy tan selebrasyon sa a pou nesans Seyè nou an. Nou priye ke W va ede nou.

63 E maten an, sèvitè W la, Frè Neville nou an, li te santi ke petèt se t ap yon moman pou l ta jis repoze l pou kèk moman, e petèt mwen ta dwe pale. E mwen—mwen priye ke Ou va ede m kounye a.

64 Gen sa yo isi a, Seyè, ak nou tout, ki bezwen Ou. Kifè nou priye kounye a ke Ou va beni nou pandan n ap li Pawòl Ou epi medite pou yon ti moman. Kite Lespri Ou vini sou nou, Seyè. Epi pirifye nou epi mete Dife sou nou, ak Sentespri a, ak Mesaj Bondye a, ki fre soti nan lotèl la, pou sekwe yon mond k ap mouri, anvan gran Bondye Etènèl la pwoche. Paske nou mande l nan Non Jezi, Pitit Gason cheri L la, ak Sovè nou an. Amèn.

65 Kounye a mwen ta renmen atire atansyon nou sou kèk Ekriti isi a, ak kèk nòt, ke m te pran.

66 E mwen kwè, Doc, oswa Billy, oswa youn nan yo te di m, ke l vle lage yon ti kras bonè, poutèt timoun yo. Yo gen kèk kado pou sa.

67 Noumenm ti zanmi ki fèk soti nan lekòl dimanch nou an, se pou nou—se pou nou jis ret tann la a, jis yon ti moman. Sa nou pral di la a ka petèt yon ti kras pwofon pou nou, men se pou nou—men se pou nou jis ret trankil ak manman ak papa, pou kèk minit. Mwen vle pale avè yo.

68 Kounye a, nan Sòm yo, Sòm 89 la, mwen vle li yon vèsè oswa de, nan Sòm 89 la. Mwen pral eseye li vèsè 50, 51, ak 52 nan Sòm 89.

69 Kounye a, èske nou ka tandè jouk dèyè a nèt, trè byen? Si nou kapab, leve men nou. Alò mwen. . . Kilès ki. . . Èske tout mikwo sa yo branche? [Yon frè di: “M pa konnen.”—Editè a.] Èske *sa* a pi bon, oswa *sa* a? *Sa* a? *Sa* a? [“De sou kote sa yo branche.”] Drèt la, de *sa yo* sou kote a? [“*Sa* a, *sa* a, ak *sa* a.”] Dakò.

70 Mwen pa konnen si yo pral anrejistre sa sou bann oswa non. Se jis on jan de evènman sanzatann maten an.

71 Men pa bliye kounye a, di tout zanmi nou yo. E mwen—mwen vle pou nou sèten, prèske, eseye asiste reyinyon dimanch pwochen an.

72 Byento yo pral tèmine legliz la isi a, mwen sipoze. E mwen pral—mwen pral retounen lè sa a pou sa, preche Sèt So sa yo, si se volonte Bondye, sot nan Lekriti isi a.

73 Nan Liv Sòm yo, chapit 89 la, kòmanse ak vèsè 50 la. Koute byen lekti Pawòl la kounye a.

Seyè, pa bliye jan y ap pase sèvitè ou yo nan betiz! Pa bliye jan moun lòt nasyon yo ap joure mwen!

SEYÈ, pa bliye jan lènmi ou yo ap joure, jan y ap joure wen ou te chwazi a kote l pase.

Ann toujou fè lwanj SEYÈ a! Wi, se vre! Amèn, e Amèn!

74 Mwen ta renmen pale avè nou pou kèk moman sou . . . Mwen vle nou make sa, anvan, epi reli sa ankò epi ankò, reyèlman byen. Petèt li vo lapèn pou li l ankò kounye a menm. Koute byen kounye a. Ou wè?

Seyè, pa bliye jan y ap pase sèvitè ou yo nan betiz! Pa bliye jan moun lòt nasyon yo ap joure mwen!

SEYÈ, pa bliye jan lènmi ou yo ap joure, jan y ap joure wen ou te chwazi a kote l pase.

Ann toujou fè lwanj SEYÈ a! Wi, se vre! Amèn, e Amèn!

75 Etidye L byen, jan David te di l la. Mwen vle itilize kòm sijè . . . Se trè etranj ankò, pou yon sijè Nwèl; men jan m te preche dimanch pase a sou yon tèks etranj. Mwen bliye sa l te ye kounye a. Se te . . . [Yon frè di: “*Destriksyon Mond Lan.*”—Editè a.] Padon? [“*Destriksyon Mond Lan.*”] Destriksyon an: *Destriksyon Mond Lan.*

76 Kounye a mwen vle pran kòm sijè, dimanch sa: *Opwòb Pou Kòz Pawòl La.* Kounye a kite m repete l ankò, vrèman byen. La . . . *Opwòb Pou Kòz Pawòl La.*

77 Bondye gen yon tan, ak yon rezon pou tan sa, pou L akonpli tout Pawòl Li yo. Bondye konnen jis egzaktman kisa L pral fè. Nou pa konnen. Nou jis dwe resevwa li jan Li ba nou li a. Men, Li konnen, e pa gen anyen ki pral pase mal ak sa Li—Li te planifye pou L fè. Sa dwe akonpli totalman. Fòk genyen, pafwa, bagay ki rèd epi di, pou sèlman fè soti vrè nati reyèl objè a.

78 Ou konnen, lapli fèt nan yon syèl ki ajite, an kolè, ak zeklè ki gaye, ak loray. E si nou pat gen lapli, nou pa t ap viv. Men nou wè kisa sa pran pou pote lapli? Loray, zèklè, loray tonbe, kolè. E se la a lapli soti.

79 Yon semans dwe mouri, pouri, kowonpi, santi, epi retounen nan pousyè tè a, pou l pwodwi yon nouvo lavi.

80 Li nesèsè pou yo bat lò a an poud, vire l tounen ankò epi ankò, devan dèyè, epi pou yo bat li jiskaske yo retire tout salte yo nan li. Se pa paske li briye, paske pirit fè a, sa ke yo rele lò moun fou yo, briye tankou vrè lò a. Men, mete yo de a ansanm . . . mete yo chak sou yon bò, ou apèn ka wè ki diferans ki genyen avè yo, men mete yo ansanm, ou ka di l. E òfèv la dwe toujou bat jouk li—li wè pwòp imaj li k ap reflète nan lò a.

81 E Bondye fikse yon tan e li gen yon bi pou tout bagay ke L fè. Pa gen anyen ki rive jis pa aksidan pou sila yo ki renmen Seyè a e ki aple selon apèl Li. Ou wè? Nou predestine. E tout bagay mache jis kòrèkteman, pou sa, paske Li pa ka bay manti. E Li te di ke se te konsa, ke tout bagay gen tan pa l, sezon li, e li gen fason pa l. E se Bondye ki dèyè chak mouvman. E pafwa ou panse ke tout bagay ap mal mache. Sa depann de nou. Bagay sa yo rive nou, eprev ak ensètitud. Se tès yo ye, pou wè kijan nou pral reyaji sou yon aksyon.

82 Kèk tan de sa, anwo nan Vermont, Frè Fred avè m te travèse jouk bò kote eta New York la, bò lòt kote Lak Champlain an, e nou te rive sou bò kote eta New York la. Epi m te monte nan mòn lan kote ke, anwo sou Mòn Hurricane lan, kote m te konn abitye chase. E la mwen sonje lè m te pèdi, e kijan Bondye te mennen m tounen, jis pa Sentespri a sèlman, atravè yon tanpèt. Se ke, m t ap mouri, peri, e madanm mwen ak Billy t ap mouri tou, laba a nan yon ti kan a dè kilomèt distans. E mwen te konplètman dezoryante.

83 E te gen jis yon ti nèj ke nou te dwe travèse, pou nou antre nan kan an, nan kòmansman prentan an. Epi m te kanpe la ap pale ak Frè Fred, epi Sentespri a te di: “Al soti poukont ou.” Epi m te deplase soti al nan ti touf bwa a yon ti tan, yon kote. Li di m: “Gen yon pyèj ki pare pou ou. Fè atansyon kounye a.” Men Li pat di m kijan, kisa. M te retounen epi m te di Frè Fred.

84 Nou t ale legliz la jou swa sa nan oditoryòm lan, m te anonse l bay moun yo. Epi jou swa apre a sa te rive. E lè sa a m te kanpe la lè Li te di m, konsènan kèk mokè, Li te di: “Se nan men w. Sa ke w va fè avèk yo. Kèlkeswa sa w di, pral rive touswit.”

85 Men ni. Kote, yon moun manke respè, ap aji yon fason enpi, e yo t ap pase nan betiz epi moke yo de reyinyon an, yon jèn gason ak yon jèn fanm. Epi li t ap eseye fè l jès lanmou vilgè nan bilding lan; e sa te atire atansyon tout moun, pandan m t ap eseye preche. Epi li te rale tèt li al sou dèyè epi li te grenpe sou kwis li, epi li te voye tèt li al sou dèyè epi li te eseye bo l, epi li te kontinye aji konsa nan reyinyon an, sa ki te atire atansyon an.

86 Epi Sentespri a di: “Kounye a li . . . Yo nan men w. Kisa w pral fè avèk yo?”

87 Te gen yon silans sakre. Tout moun te rete tèrribleman an silans. E m te panse: “O Bondye, kisa m dwe fè?”

88 Alò mwen sonje, si se pat avètisman Sentespri a, de jou avan. Mwen di: “M ap padone nou.” Bon, se te sa L te vle m di. Ou wè?

89 Paske, apre tou, mwen—mwen te koupab, petèt pa de sa, men koupab. “E koupab pou pi piti a se koupab pou tout bagay la.”

90 Alò mwen di: “Mwen padone nou.” E gen temwen ki chita isi a kounye a, ki te la lè sa a. Lè sa a Sentespri a te desann.

91 Bon, nou wè, mwen kwè ke tout bagay sa yo te gen yon sans. Kisa nou t ap fè ak pwisans lan? Kijan nou t ap, ou wè, reyaji a yon aksyon? Yon bagay ki vini tankou yon zak, alò kijan n ap reyaji a aksyon sa a? Èske nou konprann sa m vle di a? Kisa nou t ap fè? E petèt tout bagay sa a te sèvi pou mennen nou jouk kote nou ye kounye a. Mwen pa konnen. Mwen—mwen jis pa ka di. Men te toujou gen yon fason . . .

92 Epi sonje ke, opwòb pou—pou Pawòl la gen . . . Pawòl la te toujou pote yon opwòb. Pandan tout aj yo, Pawòl wen Bondye a te toujou sibi opwòb. E se pou rezon sa a li tèlman difisil pou moun yo ki pa konprann, ta konnen kijan pou yo aksepte opwòb sa a.

93 Èske nou sonje disip yo ki t ap retounen e yo t ap rejwi paske yo te konsidere ke yo te jije tèt yo diy pou sipòte opwòb pou Non Li? Li te di: “Tout sa yo k ap viv nan pyete nan Kris va sibi pèsekisyon,” opwòb pou Pawòl la.

94 Ou dwe toujou sipòte opwòb sa a pou w ka teste, pou wè. Chak nonm ki vin jwenn Kris dwe fòme tankou timoun dabò, pou—pou bi ke Bondye te òdone w la. Epi sonje, si w ka jis rete trankil! Sonje, si Li te aple w pou sa, pa gen anyen ki ka anpeche l rive. Pa gen ase demon nan plas touman yo, ki ka anpeche Pawòl Bondye a manifeste. Ou fèt pou yon bi, e pèsonn pa ka pran plas ou. Ou ka petèt gen imitatè ak tout lòt bagay, men yo p ap janm pran plas ou. Se vre. Pawòl Bondye a va triyonfe. Li pa ka fayi. Men kote chak Kreyen ta dwe kanpe, nan konnen sa—sa. Epi eprèw yo pral vini, epi sanble nan tout sans, pou ou. Men sonje, Bondye gen yon bi, e tout bagay pral mache kòrèkteman.

95 Kounye a annou jis raple kèk—kèk nan evènman Pawòl Bondye a ki t ap akonpli, ak sa yo ki te pote Pawòl la nan laj pa yo.

96 Mwen—mwen te santi nan Lespri, sa pa fè lontan, ke yon moun t ap kritike m. Se te petèt nan peyi bann yo. Poutèt m toujou ap refere m tèlman souvan, ke m tounen dèyè epi pran pèsonaj Bib yo pou m ilistre sa m ap di a. Ebyen, mwen fè sa pou yon bi. Bib la di ke bagay sa yo ekri pou nou te ka konsidere yo. E se sèl fason sa, pou mwen ki san enstriksyon, sèl fason m ka fè, se refere m a bagay sa yo epi di: “Ou wè lè yo te pran pozisyon sa a, kisa k te rive apre sa, kote *sila a* te rive.” Ou wè? E alò jis idantifye w a sa.

97 Kòm mwen t ap preche, sa pa fè lontan, sou ti gason ki sou bato a, ou konnen, ak—ak vye kaptèn lan ki ta pral mouri a. Li te malad. Epi li te mande si pa t gen yon Bib abò a. E yo te jwenn ti gason an ki te gen Bib la, epi li vini epi l te li Ezayi 53:5. “Li te blese pou transgresyon nou yo, brize pou inikite nou yo.” Epi li di: “Kite . . . Kite m di w, kaptèn, kijan manman m te konn li l.” Li di: “Men fason li te ekri l: ‘Li te blese pou inikite Willy Pruitt.

Epi yo te pini Li pou Willy Pruitt. E tout bagay sa yo ke yo te fè L, se te pou Willy Pruitt.” Se te non l.

Vye kaptèn lan te di: “Mwen renmen sa. Èske w te ka li non m ladann?”

⁹⁸ Li di: “M ap eseye.” Epi li di: “Li te blese pou transgresyon John Quartz yo. Li te brize poutèt inikite John Quartz. E ak blesi Li yo John Quartz te geri.”

Li di: “Mwen wè l.” Epi Seyè a te geri l. Ou wè?

⁹⁹ Li non w ladan l. Li te blese pou transgresyon William Branham yo. Li te brize poutèt inikite William Branham. Li te fè sa pou mwen, e Li te fè sa pou ou. Li non w ladan l.

¹⁰⁰ Ebyen, se fason sa mwen renmen pote Ekriti yo bay moun mwen—mwen yo, se sa Li te fè pou yon lòt moun ki te obeyi L. Sa Li te fè pou yon lòt moun ki te fidèl a Kòz la, ak sa Li te fè pou yon lòt moun ki pat fidèl a Kòz la, lè sa a ou li non w ladan l. Si w te la, ki pozisyon ou t ap pran? Epi sonje, ou gen privilèj la, jodi a, pou pran menm kalite pozisyon an.

¹⁰¹ Lè, Noye, parapò a opwòb Pawòl ke Bondye te pale avè l la. Noye, te gen yon opwòb. Noye te viv nan yon laj syantifik, kote te gen yon reyalyasyon syantifik ke yo te kapab fabrike, ki te depase nenpòt bagay ke nou fabrike jodi a. Yo te pi eklere, pi entèlijan. Syans pa yo a te trè avanse, parapò a pa nou an. Epi jis sonje, li te dwe sibi opwòb Pawòl li te preche a, pandan sanven lane, nan fè fas ak mokè yo. Gwo mwayen syantifik yo te pwouve yo ke pa t gen lapli nan syèl la. Men, poutan, Noye te tandè Pawòl Seyè a, e Li te kontrè ak konsepsyon yo te genyen sou Sa. Kifè, anvan vi l te ka sove, li dwe fè fas epi sibi opwòb ke mokè sa yo t ap enflije l la.

¹⁰² O, pa gen okenn dout, yo dwe te santi yo dezole pou pòv vye predikatè a. Yo pa t fè fenmen l ni anyen, paske petèt pat gen anpil kay nan jan sa nan epòk sa. Li te inofansif. Li pa t ap fè pèsonn mal, kifè yo jis kite l trankil. “Kontinye, vye fanatik laba a la sou bò ti mòn sa, k ap bati yon bato byen lwen isi a kote pa gen dlo. O, ebyen, pòv vye kanmarad! Men,” e yo t ap di, “ki kote w pral jwenn dlo, pou w fè bato w la flote, Noye?”

“L ap desann sot nan syèl la.”

¹⁰³ “Sa pa gen sans. Nou ka tire sou lalin lan ak zetwal yo, ak rada,” kèlkeswa sa yo te genyen la. “Pa gen lapli anwo la.”

Men li di: “Bondye di Li ta pral mete enpe anwo la.”

“Kijan Li pral fè sa?”

¹⁰⁴ “Sa se zafè pa L. Sèl bagay m sipoze fè se avèti nou pou n sot isi a.”

¹⁰⁵ Se jis apeprè menm bagay la kounye a. “Ki kote dife a ap soti?” Frè, li on tijan pi klè jodi a pase l te ye nan tan Noye a. Nou deja wè ki kote l ye. Sa jis pare pou l eklate, se tou.

Lasyans deja . . . Pa gen okenn eskiz fwa sa, ditou, paske lasyans deja jwenn li. Wi, mesye.

¹⁰⁶ Kifè kounye a nou wè ke se te vrèman yon bagay. Kifè yo te santi yo dezole pou pòv vye predikatè a, e yo jis kite l aji. Se te yon bagay etranj, petèt, pou moun sa yo, pou panse ke yon nonm ke yo te di ki entèlijan, e ki te kwè ke Bondye, Kreyatè syèl la ak tè a, ta fè yon bagay, oswa di yon bagay ke Li ta pral fè, ki te kontrè ak fason yo panse, sa yo te genyen an. Petèt nou pat konprann li. Gade. Te . . . Yo te panse ke yo te ka pwouve tout bagay natirèl pa syans yo a. Si se pa kalite mond n ap viv ladann jodi a, yon mond entèlekyèl, ak ledikasyon plen ak lasyans! E nenpòt bagay ke yo te ka pwouve, ki te fo, Bondye . . . “Okenn Bondye pa t janm ka di anyen ki (te) te ka pwouve syantifikman ke li pat la.”

¹⁰⁷ Bon, yo gen menm lide a jodi a. Si doktè w di ke w gen kansè, ou dwe mouri, epi lasyans pwouve ke ou gen kansè, e li nan yon etap avanse, se enbesil pou panse nenpòt bagay diferan, paske w pral mouri; se tou. Lasyans di ou pral mouri. Yo te egzamine w, e se tou. Ou pral mouri. E yo panse ke se fou si w eseye di ke Bondye te pwomèt pou fè l. Ou wè, jan l te ye a, ou dwe sipòte opwòb sa.

¹⁰⁸ Yo di, si doktè a di la: “Nou te egzamine, e kansè a avanse. Nou te louvri w. Li nan tout kò w, epi nan kè w, nan poumon w, nan fwa w, toupatou. Li enposib.”

Kifè, ou wè, lè ou di: “Men li pral viv, kanmenm.”

Yo di: “Ebyen, pòv kanmarad, jis kite l trankil.”

¹⁰⁹ Mwen sonje yon sèten aswè. Bill Hall, Frè Hall laba a nan legliz Milltown lan, anpil nan nou sonje ka a. E lè li . . . Yo te rele m. Madanm mwen, bèlmè m avè m, nou te ale la. Li te marye ak yon fi ki te yon sè, mwen kwè, George Cupp, ki te majistra vil la, oswa jij isi a. Pa li . . . Se te bòpè li. Yo te mennen l anwo isi a pou l mouri. Doktè nan Milltown lan, doktè nan New Albany an, te dyagnostike ka pa l la kòm kansè nan fwa. Kifè m te desann al wè Madam Hall. Epi li te pran lajònis, e li te jòn toupatou. Epi m te di: “Ebyen, m sipoze li pral mouri.” E mwen te di . . .

¹¹⁰ Li di: “Frè Bill, èske gen yon fason ki gen . . . Èske w ka jwenn yon endikasyon kot Bondye?”

Mwen di: “Mwen—mwen pa konnen, Sè Hall. Mwen ka priye.”

¹¹¹ Mwen te priye. Epi m te retounen lakay, e Seyè a pa t di m anyen. Apre sa m te retounen, jou apre a, e m te priye ankò.

Epi li di: “Èske w konn yon bon doktè?”

¹¹² Mwen di, “Ebyen, doktè fanmi nou se Doktè Sam Adair, isi a nan Jeffersonville. Li se—li se—li se . . . Papa l se te doktè fanmi nou. Jenn Sam avè m te toujou bon zanmi, e—e nou te al lekòl aprepre an menm tan, nou te leve ansanm. Nou toujou al jwenn li lè gen nenpòt bagay ki pa bon.”

Li di: “Mwen mande m si l ta vin gade Bill Hall?” mari l.

Mwen di: “M ap mande l.”

¹¹³ Ebyen, Sam te di m, li te di: “Billy, si doktè a di li gen kansè,” li di, “gen yon sèl bagay, pou m fè, m ap voye l bay yon moun ki pi entèlijan pase m, kote yon espesyalis. Epi nou pral pran radyografi yo; e nou p ap mete l anba pwoblèm ankò.”

¹¹⁴ Nou te voye chache radyografi yo nan New Albany epi nan men doktè a laba a. Yo te mennen l Louisville epi yo te egzamine l, yo te mennen l la nan yon anbilans, epi yo te mennen l tounen.

¹¹⁵ Ebyen, natirèlman, li pa t vle di Madam Hall kisa pwoblèm li te ye, kifè li te rele m. Li di: “Li pral mouri,” li di, “zanmi predikatè w la.” Li di: “Espesyalis nan Louisville la fèk rele m, epi li di: ‘Dyagnostik doktè yo bay nan—nan...laba a nan Milltown; epi doktè a, nan New Albany; te bay bon jan dyagnostik la.’” Epi li di: “Se yon kansè nan fwa a, e li nan yon etap avanse. E, Billy, nou pa ka koupe retire fwa nonm lan, epi pou l viv.” Li di: “Li pral mouri. E si l se yon predikatè, li ta dwe pare.”

¹¹⁶ Mwen di: “Se pa kesyon an sa. Men li pa gen plis ke apeprè senkannen an, kifè li toujou gen plen lavi nan li ankò, pou l preche.” Epi m di: “Ebyen, si l pral mouri, sa regle alò. Mèsi, Doktè Sam.”

¹¹⁷ E m te desann epi m te rele Madam Hall, epi m te di l. Mwen di: “Madam Hall, Sam te di ke dyagnostik Louisville la te menm jan ak sa l te ye nan New Albany ak Milltown. Mesye a ap mouri. Frè Hall pral mouri. E li gen yon kansè nan fwa a, e li avanse.”

¹¹⁸ E kifè li te kòmanse ap kriye. M te vire tounen, m te priye avè l. E misye te tèlman pa nan limenm, lè sa a, jouk li pa t konnen ke m te nan sal la.

¹¹⁹ Kifè, mwen retounen. E yon pakèt moun te vini lakay mwen, nan epòk sa yo. Pa t gen okenn lòt moun sou teren an. Li pa t kontamine ak anpil bagay konsa, e moun yo t ap vini sot toupatou.

¹²⁰ Mwen te vle pran yon ti repo. Alò mwen te glise antre, mwen te leve bonè, apeprè dezè edmi, oswa twazè. Frè Wood potko deplase vin nan ale a. E m te gade nan direksyon pou antre lakay la, e pat gen okenn, pèsonn deyò a la, kifè m te pran vye chapo m lan epi m te glise nan sal biwo a, epi m te pran fizi 22 m lan. E m ta pral soti al lachas ekirèy, jouk li rive nan zòn uitè yo, epi apre sa m te kouche bò yon pyebwa yon kote epi m fè yon ti dòmi. Ou pa t ka fè l nan zòn lakay la.

¹²¹ M te pran chapo m lan epi m te kòmanse travèse al nan lòt sal la. Te gen yon pòm ki te pandye sou miray la. E se te pòm ki pi kontamine a—a. Vè te manje l, e li te fè ne, e li te plen gal toupatou. Epi m te panse: “Poukisa Meda te pandye sa sou miray la?”

122 E m te remake, ankò, e li pat sou miray la. Li te pandye anlè a. M te retire vye chapo m lan, mete fizi a nan kwen an, epi m te tonbe sou jenou m. Mwen di: “Seyè, kisa W ta vle sèvitè Ou konnen?”

123 Yon lòt vin desann, yon lòt vin desann, jouk apeprè kat oswa senk pòm (mwen bliye kounye a jis kisa li te ye) te pandye la. Apre sa yon gwo gwo, bèl pòm, ak bann ladan l; jis yon trè gwo, pòm ki parèt an sante, desann epi te manje lòt pòm ki sanble ak chawony sa yo. Epi Li di: “Leve. Kanpe sou pye w.” Li di: “Ale, di Bill Hall, li pa pral mouri. Li pral viv.”

124 O, m te kouri vit otan m te kapab, epi m di: “Madam Hall, mwen gen ENSI DI SEYÈ A. Li pral viv.” E misye te tande m. E li t ap eseye kriye, e li pa t ka pale ankò.

125 M te retounen epi m te rele Sam. Epi m di: “Sam, frè nou—nou an pral viv.”

Li di: “Kijan l ka fè viv konsa?”

126 Mwen di: “Se pa pou mwen pou m konprann sa. Bondye te di sa. Sa regle l.”

127 L ap viv jodi a. Sa fè apeprè dizan de sa. Jis djanm epi an sante. Madanm li te mouri depi lè sa a. Li remarye ankò.

128 Kijan sa pral rive George Wright, ak anpil ankò nou ta ka di, ke nou ta ka rele? Kisa l ye? Se pou sipòte opwòb la. Yo ri epi yo pran plezi.

129 Mwen sonje lè anvan inondasyon 37 la. Mwen te kanpe la ak Konpayi Falls City Transfer a, e m t ap di yo ke, ta pral gen trannde pye dlo, mwen kwè l te ye, nan Spring Street. Yo te ri m. Yo di: “Pòv Billy. Mwen sipoze li . . . Timoun sa!” Mwen te jis yon ti gason lè sa a. Li di: “Billy se yon bon timoun. Se yon wont li te vin mele nèt.” Mwen pat mele. Mwen te batize *ladann*, pa mele. Mwen te jis “ladann.” E sa te rive jis fason sa.

130 Depi m t ap pale a, mwen te remake Sè Hattie Wright, mwen kwè, ki te chita deyè a la. Li sonje ka sa konsènan Bill Hall. Anpil. Konbyen ki isi a, prezan maten an, ki sonje ka a? O la la! Sèten. Gen anpil nan nou.

131 Kounye a, yo santi yo dezole pou nou, yo santi yo dezole pou nenpòt moun ki eseye kenbe Pawòl la, nan jou mokè yo. Men, sonje, opwòb la dwe vini. Li te toujou konsa. Yo dwe te panse, jan yo te panse lè sa a, ke Bondye, apre nenpòt bagay te fin pwouve syantifikman, ke Bondye pa t ap pale anyen ki te kont lasyans. Ebyen, se sa ki fè L Bondye. Si L ta jis mache dapre lasyans, alò sa pa t ap plis ke jis sa lòm te ka reyalize. Men, Li se Bondye. Li se—Li se Kreyatè lasyans. Li ka fè sa Li vle.

132 Yo dwe te panse: “Pòv vye Noye, ebyen, kite vye kanmarad la trankil. L ap rate tout plezi ke n ap pran nan jou sa yo, alò jis kite l trankil.” Se apeprè menm bagay la kounye a.

133 Men, kounye a, mwen vle di yon lòt bagay drèt la. Kounye a, nou gade dèyè epi nou admire lafwa li. Men m mande m, si nou te viv nan jou sa, èske nou t ap pran menm pozisyon ke Noye te pran an? Èske nou t ap kapab epi vle sibi opwòb ki te mache ak Verite a? Alòske, pami tout milyon ki te genyen nan mond lan lè sa a, te gen sèlman Noye ak fanmi li ki te kanpe pou Verite sa. Èske nou te panse a sa? Jis mesye sa a ak twa pitit gason l yo, ak bèlfi li yo, madanm li, se te yo sèl ki te kanpe pou Verite sa. Men yo te gen ENSI DI SEYÈ A. Nou gade dèyè epi n admire l. Èske nou te ka panse sa ankò?

Mwen dwe fè vit poutèt kado timoun sa yo.

134 Abraham, mo *Abraham* lan menm vle di “papa yon gran kantite,” sa fè l “papa nasyon yo.”

135 Kounye a, Abraham te tande Pawòl Bondye a. Abraham te yon pwofèt, e li te tande Pawòl Bondye a. E nou admire Abraham poutèt li kenbe Pawòl Bondye a; kijan li te separe tèt li ak fanmi li; ala sa te difisil pou Abraham. Li te grandi laba. Li te desann sot Babèl, e—e li te desann la nan peyi Chenea a ak Kaldeyen yo—yo—yo, nan vil Our, kote tout asosye li yo, moun li yo, ak sila yo li te ale legliz avèk yo, ak tout bagay. Men Bondye te di: “Separe tèt ou.” O la la! Ala yon bagay terib sa te ye, pou kite tout sa ki te chè pou li, tout bagay ki te reyèl pou li, ki te chè pou li. E Bondye te di l: “Separe tèt ou.”

136 Epi Li te ba li yon bagay trè etranj. “Ou pral gen yon bebe ak madanm ou.” E misye te gen swasannkenz an, e manzè te gen swasannsenk an. Li te sispann tankou fanm yo, tankou fanm yo ki ka pote timoun, depi plizyè lane. E isi a, alòske li te viv avè l depi li te yon jennfi, paske li te demi sè l, e alò kijan misye te ka janm fè timoun sa vini? E kounye a èske nou te ka imajine Abraham ki ta pral kot kanmarad li yo, epi k ap di: “Nou pral fè yon bebe, Sarah avè m”? Èske nou te ka imajine sa?

137 Ebyen, moun yo te di: “Pòv vye kanmarad la, gen yon bagay ki pa mache byen avè l.”

138 Se yon opwòb, men Abraham te kenbe fèm avè l. E lè l te gen santan, li pa t doute de pwomès Bondye a. Li te toujou sipòte opwòb la, sèten, li te kenbe l fèm.

139 Ou remake diferans lan anndan la? Sarah te eseye bay Abraham, oswa bay Bondye, pito, yon ti kras èd, pou kont li. Li te panse, ou konnen, la, yon lòt jan pase sa Bondye te pwomèt la. “Kounye a, ou konnen, mwen se yon fanm ki granmoun, men Aga isi a se yon bèl fanm. Sa p ap deranje Abraham pou l marye avè l, tou. Kifè, ou konnen, sa va—sa va ede Bondye. Sa pral ede Bondye, paske Aga, isi a, petèt li gen sèlman ventan. Li se sèvant mwen. E ou konn kisa m pral fè? M pral bay mari m li, pou madanm,” paske poligami te legal. Alò li te di . . . “M ap ba li, e li va fè yon ti bebe ak mari m, epi apre sa m pral pran ti bebe a. E se sila a, Bondye te pwomèt.”

140 Ou wè, nou toujou eseye fè yon bagay; nou pa ka tann Li. Nou dwe fè yon bagay, noumenm. Petèt sa te kòrèk. Li te ka bèl. Sa ta ka sanble l trè byen, men li pat dapre Pawòl la. Bondye te di Abraham ti bebe a t ap vini pa Sarah.

141 Ou sonje sa Li te di sou ti Twoupo a? “Siy sa yo va swiv sa yo ki kwè.” “Menm jan l te ye nan epòk Noye yo, se konsa l ap ye nan vini Fis de lòm lan, kote kèk, menm uit nanm, te sove.” Pawòl sa yo pa ka fayi, kifè annou siveye tèt nou byen epi rete ak Pawòl la. Dakò. Ou wè?

142 Moun yo toujou ap eseye fabrike yon bagay, pou pran plas volonte kreyatris Bondye a. Ou wè, jan m te di souvan, e petèt devan legliz la, anvan, ou konnen, ou pat ka mande mouton an: “Èske w vle fabrike enpe lenn pou mwen?” Non, li pa ka fè sa. Bon, yon kabrit pa ka fabrike lenn, paske nati l p ap kite l fè l. Kèlkeswa nan ki pwen ou ta eseye mare yon lenn mouton sou yon kabrit, sa p ap mache. Kabrit la pa ka fabrike lenn, e yon mouton pa fabrike pwal. Men li gen lenn paske li se yon mouton. Se poutèt sa l genyen l. Li pa fabrike l.

143 Nou pa sipoze fabrike fwi Lespri yo. Nou sipoze pote fwi Lespri a. Pye pòm lan pa fabrike pòm; li jis pote l paske li se yon pye pòm.

144 E si nou eseye fabrike nenpòt bagay, “M ap ede Kòz la. M pral etidye pandan dizan nan seminè a. M pral aprann *sesi, sela*, oswa se *lòt bò*, epi pran Lisans nan Lèt mwen ak Doktora m lan. M pral ede Seyè a, poukont mwen.” Sa p ap mache.

145 Bondye, pa predestinasyon, rele moun Li vle. Li bay Wayòm lan a nenpòt moun Li vle bay Li. Nou te aprann sa pa Nebikadneza.

146 Nou te aprann ke pa—pa Jeremi, lè Bondye te di l sa, pa Pawòl Seyè a, ke, ta pral gen yon tan ke yo ta pral mennen Izrayèl lwen nan Babilòn pandan swasanndizan. Men yon lòt pwofèt ki te vini. Li te deja di l, li di: “Kounye a, nou pral gen pwofèt, ki pral leve. E nou va genyen yo laba la a nan Babilòn, ki va leve, epi revè yo ak pwofèt yo, ki va pwofetize lekonntrè ak Sa a. Men di moun yo pou yo pa koute moun sa yo.”

147 Epi yon nonm te vini, non l se—se, youn nan pwofèt yo, Ananya. E lè Jeremi te kanpe la ak yon jouk sou kou li, Ananya te vini, li di: “ENSI DI SEYÈ A, nan dezan okonplè, tout istansil Seyè a . . .” Bon, fondamantalman, sa te sanble l trè bon. “Bondye pral beni pèp Li. Li pral fè tout bagay retounen jis egzaktman, nan dezan.”

148 Epi Bib la di, menm pwofèt Jeremi te di: “Amèn. Amèn. Ananya, ke Seyè a fè pawòl ou yo rive. Men annou panse a yon bagay, Ananya. Te gen pwofèt anvan nou, e yo te pwofetize kont gwo nasyon yo lagè, e latriye. Men, sonje, yo konnen pwofèt la apre pwofesi l la te manifeste.” Ou wè?

149 Apre sa Ananya vini, li sezi jouk la sot nan kou Jeremi, devan tout prèt yo ak kongregasyon an, petèt yon milyon edmi moun. Li te pran jouk sa ke Bondye te mete sou kou Jeremi, kòm yon siy, epi li te kraze l an miyèt moso, epi li te voye l sou pye l, jis tou eksite, epi li di: “ENSI DI SEYÈ A, nan dezan, yo va tounen.”

150 Jeremi te jis gade l. Li te kontrè ak Pawòl la, kifè li te jis mache ale. Epi Bondye di: “Retounen epi di l,” di: “Mwen pa t janm pale avè l.”

151 Li te jis tou eksite. Li te swiv pwòp enpresyon pa l. Ou wè? Li pa t janm tann jouk an reyalite li te wè l epi li te konnen se pat limenm, ke se te Bondye ki di l. Li te retounen, tou eksite. Si . . .

152 Nou jwenn li, atravè peyi a, jodi a. Yo t ap jwe youn nan bann nou yo dènyèmman nan yon kay, kote yon gwoup minis te konvenki menm lè a, e yo t ap vini pou batize nan Non Jezikri. Epi yon nonm te leve nan sal la, li te pale an lang epi li te di: “ENSI DI SEYÈ A. Kenbe fèm ak sa nou genyen an. Jis kontinye, kontinye, e m ap beni nou.”

153 Yo di: “Ebyen, si Seyè a te di sa, mwen kwè se sa.” Ou wè, li pa egzamine ak Pawòl la. Sa dwe pran Pawòl la, an premye. Men ni. Li te kontrè ak Pawòl la.

154 Men Jeremi ki retounen, pwofèt wen sa a. Bondye te di l, Li te di: “Mwen konnen Ananya te kraze jouk an bwa sa sou kou w, ke M mete a, men M pral fè youn ki fèt ak fè.” Li di: “E tout nasyon sa yo ki te desann pou sèvi Nebikadneza, sèvitè M lan,” e li te yon payen. Ou wè? Epi Izrayèl, ki t ap kenbe tout sakrifis yo, men yo pat. . . Ou wè?

155 Bondye te fè yon pwomès, ke Li t ap beni, men benediksyon sa yo anba kondisyon. E nou dwe ranpli kondisyon sa yo, pou fè sa mache.

156 M te chita, yon ti tan de sa, ak yon ti, pitit fi dous isi a. Dabò, m te fin egzamine fanmi sa, pou m wè si te gen yon bagay ki te mal. Bondye ap geri, men se sou kondisyon. Ou wè? Sèl bagay mwen te jwenn, se te, manman an te pè ke se pat bon pou pran medikaman. Mwen di: “Piga w panse sa, sè. Retire sa nan tèt ou. Ale drèt la ak timoun lan. Ba li medikaman an. Bondye va fè yo konn sa.” Ou wè?

157 Kounye a, men, bagay la se, jwenn, konnen. Epi apre sa, si se ENSI DI SEYÈ A, dakò.

158 Kounye a nou jwenn isi a ke, moun sa yo, yo t ap eseye fabrike yon bagay; Aga ak—ak Sara, pou ede Abraham, ede Bondye pou fè pwomès Li reyalize. Ou pa ka fè sa. Pa gen okenn fason, ditou, pou fè l. Li—li kont tout bagay. Pawòl Bondye a pral rive, kanmenm. Ou jis oblije kanpe dwat sou Pawòl la, epi di: “Se fason sa,” epi kenbe Pawòl la. Kounye a, gade, pou fabrike yon bagay pou pran plas Pawòl Li!

159 Petèt zanmi Abraham yo, tou, si nou te janm remake, petèt zanmi Abraham yo vini epi yo di: “Ebyen, papa nasyon yo, konbyen pitit ou genyen kounye a?” Lè li te gen santan. “Tande, papa nasyon yo, papa anpil yo, konbyen pitit ou genyen kounye a?” Mokè!

160 Bon, èske nou pa t wè tan an? Èske nou pa t wè l, lè pafwa ke nou te priye pou yon bagay, li pa t rive?

161 “Men yon mesye ki granmoun chita isi a,” yo di. “Li avèg. Li soud. Li bèbè. Li malad. Li te fè sa. Ale laba a epi geri l, noumenm gerisè Diven yo. N ap kwè li.”

162 Èske yo reyalize se menm dyab sa ki te di: “Desann sot sou kwa a, e m ap kwè W. Fè wòch sa yo tounen pen, epi m ap kwè sa”? Ou wè? Menm dyab sa ki te mare yon ranyon nan je Seyè nou an, epi frape L nan tèt ak yon baton, epi l di: “Kounye a, si Ou se yon pwofèt, di nou ki moun ki frape W, e n ap kwè Ou.”

163 Ebyen, ou te konnen Li te konnen kimoun ki te frape L. Li te ka fè wòch sa yo tounen pen. Oswa, Li te ka soti sou kwa a. Men kisa nou t ap ye jodi a si L te fè sa? Ou wè? Yo pa konn pwogram Bondye a. Ou dwe jwenn sa Bondye te pwomèt.

Kounye a mwen dwe fè vit.

164 Bon, la a yo te ka di: “Papa nasyon yo, nou te tandè w, vennsenkan de sa, di ou ta pral gen yon pitit pa Sara, e apati de sa nasyon moun ta pral vini. Jis konbyen pitit ou genyen nan moman sa, papa nasyon yo?” Huh! Ou wè? Se menm vye lespri kritik sa ki t ap kritike.

165 Kisa Abraham te fè? Li di: “Li pa t doute de pwomès la, nan enkredilite.”

“Ebyen, men ou te priye pou *Entèl entèl*, e yo pa t geri.”

166 Sa pa enpòtan. Si m priye pou dimil aswè a, epi dimil mouri nan maten, demen swa m ap toujou wenn malad yo epi priye pou yo. Bondye te di sa. Li pa sispann li, pou yon ti kras. Bondye te pwomèt li. Mwen kwè li. Sètènman. Pa fè okenn diferans sa yo di, menm. Men, yo va moke. Sa se opwòb Pawòl la.

167 Abraham, ki te kanpe sou Pawòl Bondye a, finalman Sa te akonpli. O la la!

168 Gade betiz esterilite a. Pase nan betiz, epi opwòb esterilite a, dabò. Yo te gen . . . Li te dwe sipòte opwòb la poutè li te esteril pandan tout ane sa yo. Li te prèske gen santan. Li te gen katrevendizàn, ak Pawòl Bondye a ki te di ke li ta pral *prensès* tou, manman pitit sa. E limenm ak Abraham, esteril, toude se kòm si yo te mouri nan kò—kò yo, men poutan yo pa t janm doute Pawòl sa, yon ti kras. Men yo te dwe sibi sa, an premye. Epi, alalouya, Bondye te kenbe Pawòl Li, nan lè fè nwa sa: Izarak te fèt. “E semans li tankou sab lanmè a oswa zetwal nan Syèl la.” Ou wè? Bondye toujou reponn Pawòl Li. Wi. Esteril an premye, apre sa Izarak.

169 Zakari ak Elizabèt, menm jan an, vye mesye sa a ak vye madanm sa a, toujou kenbe fèm. E lè Zakari te vini la, epi li te ka ekri sou adwaz li, epi li di: “Yon Zanj te rankontre m, li te di m mwen t ap fè yon timoun pa Elisabeth, vye madanm mwen isi a. Mwen pa ka pale ankò. Mwen bèbè. M ap bèbè jouk jou bebe a fèt. Men gen yon bebe k ap vini, e li pral pwofèt sila ki Piwo a. Li pral prezante Zetwal Maten an. Li se youn ki anonse Mesi a davans.” Kijan sa te ka janm fèt?

170 Gen kèk ki di: “Pòv vye bonnòm. O, mwen—mwen kwè li on ti jan pèdi tèt li, ou konnen. Gen yon ti bagay. Men gade vye Elisabeth laba a, ki gen anvwon katreven lane. Epi gade—gade—gade Zakari, ki fin vye granmoun epi k ap tranble, epi apre sa li pral di yon bagay konsa. Ebyen, pòv vye kanmarad.”

171 Men li te gen Pawòl Seyè a. Se te yon tèt opwòb, jouk manzè te kache tèt li pandan plizyè jou. Men li te rete ak Pawòl la. O la la!

172 Yo te refize popilarite, yo te refize opinyon popilè, yo te refize sa ki rafine nan epòk la, ak estil yo ak bagay nan epòk yo. Yo te refize l. Yo te refize mache ak foul enkwayan yo. Yo te refize bagay lemonn yo. Yo te dwe fè l, pou yo rete ak Pawòl Bondye a. Yo te dwe fè l.

173 Se konsa li ye jodi a. Separe tèt ou ak tout bagay sòf oumenm ak Bondye. Se pa sa legliz la fè. Se sa w fè ak Bondye. Ou wè? Se oumenm, antan ke endividi. Wi.

174 Men gade sa Bondye te ba li. Lè Jezi Limenm te vini, Zakari te pati, Elizabèt, tou. Men lè pitit gason yo a te vini nan dezè a, avèk ENSI DI SEYÈ A, Jezi te di: “Pa t janm gen yon nonm ki te fèt nan yon fanm ki gran menm jan ak li.” Amèn. Kisa? Manzè te sibi opwòb esterilite a. Li te rete nan Pawòl la, e li te akouche yon pitit gason konsa.

175 Tankou Sarah nan tan lontan, tankou Abraham nan tan lontan, vye koup la te kenbe fèm avè L. Gade, pifò sa ki te janm fèt, “tankou sab lanmè a,” pa gen yon ras moun nan mond lan ki anpil tankou Jwif yo. “Tankou sab lanmè a oswa zetwal nan syèl la.” Kisa k te rive? Sa te rive nan minorite a, yon sèl timoun.

176 Kounye a nou wè ki kote m prale. Yon sèl timoun, se tout sa li te pran. Sa te pran yon sèl timoun pou sekwe nasyon yo epi montre Mesi a. Te pran youn sèl, obeyisan. Se vre. Bondye jis bezwen yon sèl nonm. Se tout sa Li bezwen, yon kote Li ka gen yon vwa. Se tout sa Li vle, pou l gen yon sèl nonm sou kontwòl Li. O, ala Li renmen gen yon sèl nonm!

177 Li te gen yon Noye, yon fwa. Li te gen yon—Li te gen yon Moyiz, yon fwa. Li te gen yon—yon Jeremi. Li te gen yon—yon Eli. Li te gen yon Elize. Li te gen yon Jan. Li—Li gen . . . Li te gen yon Samson. Toutotan ke Li ka gen yon sèl nonm sou kontwòl Li, sa se Vwa Li. Li ka pale atravè sa. Li ka kondane mond lan. O la la!

178 Ala Li dezire anpil, pou l gen yon nonm sou kontwòl Li: “Konsa M ka pale atravè li. Mwen ka kite yo konnen Vwa Mwen. Menm si l ap sipòte yon opwòb, men Mwen va fè konnen Vwa M.” Ou wè? O, wi.

179 Esterilite a, an premye. Dwe gen esterilite, dwe gen opwòb esterilite a pou sibi. Sarah te dwe sibi l. Se konsa Zakari ak Elizabèt te dwe sibi l.

180 Gade, jodi a. Kounye a mwen pral di yon bagay. Gade jodi a pitit pwostitye a. Li te pran nasyon yo anba dominasyon politik denominasyon an, pwostitye a ak pitit fi l yo. Gade jenerasyon denominasyon yo ki te leve a, e kijan jis yo se yon tikras yo ye. Piga w enkyete w. Rete ak Pawòl la. Se kòrèk.

181 Yo ka pase w nan rizib, yo ka rele w egzalte. Yo ka rele w tout bagay, nenpòt kalite move non. Men, rete drèt la, Se Pawòl la, opwòb pou Pawòl la, bagay ke yo pral di sou ou.

182 Yon jèn kanmarad, li ka isi a maten an. Li se yon zanmi m; Jim Poole, jenn Jim, moun li—li yo. Yo te mande l lòt jou. Ebyen, li te batize isi a. Yon moun te di l, li te di: “Si w ta pral batize nan yon legliz, poukisa ou pat chwazi yon gwo legliz, yon bagay?” Ou wè? Men li te wè Limyè a. Se te li. Ou wè?

183 “Pitit enjis yo plis pase genyen pou moun ki jis yo.” Wi. Dakò. Ala yo on ti kras, moun ki jis yo! Gade ki ti ponyen ki te genyen nan epòk Noye a. Ou wè? Gade sa l te ye nan epòk Sodòm. Ou wè? Ala moun jis yo pa anpil!

184 Konbyen timoun pwostitye a genyen! Li jis fè timoun nenpòt ansyen fason, men yo tout se pitit deyò. Pwostitye a pwodwi pwostitye. Chen an pwodwi chen.

185 E Kris la pwodwi wen yo. Bib la pwodwi moun ki jis yo, kifè nou dwe sipòte panse ke nou se yon ti gwoup. Ala yon pwodwi lagras sa ye!

186 Gade gwo legliz Efezyen an, te gen sèlman douz ladan l. Wi. Gade ki gwoup nou genyen jodi a, bò kote yo. Wi.

Te gen sèlman uit nanm nan epòk Noye a.

187 Te gen senk sèlman nan epòk Lòt la, non, kat; Lòt ak madanm li, de pitit fi l yo. Epi li te tounen yon kolòn wòch apre li te soti, nan gade dèyè. An reyalyte, twa te soti nan jou sa.

188 Epi Jezi di: “Menm jan sa te ye nan epòk yo.” Nou dwe veye epi fè atansyon. Ala moun ki jis yo pa anpil! Men, tankou tout tan, mokè yo dwe jete opwòb. Esteri- . . . Sibi opwòb esterilite a, an premye. O la la!

189 Mwen jis oblije fè vit. Mwen . . . Mwen pa . . . M vle bay yon koutmen pou timoun sa yo. Jis sipòte m yon ti kras. Ou wè?

190 Lèzòm toujou menm jan an tout tan. Bon m pral di yon bagay ankò. E m vle nou . . . E m pa konnen si y ap anrejistre l, ou non. Men si li sou bann, mwen vle nou koute m, nou menm k ap koute

bann lan. Piga nou rate sa, men medite byen sou li. Lòm rete kounye a sa l te toujou ye. L ap louwe Bondye pou sa Li te fè; l ap tann sa L pral fè; epi li inyore sa Li te fè epi sa L ap fè. Li louwe Bondye pou sa Li te fè; l ap tann sa L pral fè; men li inyore sa Bondye ap fè, epi la li rate tout bagay la. Mwen espere ke yo konprann li. Ou wè? Yo inyore sa L ap fè! Li konnen sa L te fè; e li konnen pwomès la kisa L pral fè; men li echwe pou l wè sa L ap fè.

¹⁹¹ O, nou menm Pannkotis yo, si nou pa egzanp de sa! N ap tann pou yon bagay rive: kom toujou, sa te rive drèt anba je nou, e nou pa konn sa. “Konbyen fwa Li t ap plane anlè nou, tankou yon poul fè pitit li, men nou pat vle sa.” Nou te panse plis a tradisyon ak denominasyon nou yo pase nou te panse ak Pawòl Li ak Lespri Li. Wi.

¹⁹² Ala yon opwòb pou Mari! (Pandan n ap fini.) Ala yon opwòb pou Mari ak Jozèf, pou Pawòl Li! Se tan Nwèl la. Mwen t ap planifye pou m kenbe jis yon ti kras, men n ap tandè anpil nan sa nan radyo ak nan mitan pastè yo, e latriye. Ala yon opwòb pou Mari ak Jozèf, pou yo kenbe ak Pawòl pwomès Bondye a! Sonje, kounye a. Epi mepri a, sousi sa ki te leve, lè yo te wè ti Mari ki pase, y ap wè Jozèf. “Ou marye ak yon pwostitye.” Ou wè? Epi sonje, frè, adiltè se te lanmò nan epòk sa. “Bon, ou vle anpeche yo touye l. Li gen pou l vin manman pa ou.” E, men, sonje, tout tan an, Bondye t ap trete avèk yo, e se te dapre Pawòl la. E yo pat konn sa. Ou wè?

¹⁹³ “Yon vyèj va fè yon timoun.” Jozèf te konn sa. Mari te konn sa, paske, apre Pawòl la te fin ekri, te gen yon Zanj ki t ap pale avè yo, ki te konfime, oswa manifeste Pawòl la menm ki te ekri a, ki ta pral rive. Pa reve kounye a. Panse. Sentespri a desann sou tè a; Li pa t janm pale ak tout kongregasyon an. Li te pale avè yo.

¹⁹⁴ Joseph te gade. E anvan Zanj lan te vizite l, li te di: “Ebyen, kounye a, mwen renmen l. Men, mwen se yon nonm jis. M pa ka marye ak yon fanm konsa.”

¹⁹⁵ Epi Zanj Seyè a te parèt devan l, nan yon rèv, epi L di: “Jozèf, ou menm pitit David, pa pè pran pou tèt ou Mari madanm ou, paske pitit l ap pote a se pou Sentespri a.” O la la! Ala yon rekonfò! Ou wè?

¹⁹⁶ Epi, Mari, sou wout li pou al nan pi a. Ti vyèj la, apeprè disètan, dizuit, ki ta pral marye ak yon nonm ki te marye deja e ki te gen kat timoun; yon nonm aje. E li te . . . Li te renmen l, e—e li pa t konnen poukisa. E misye te renmen l, e li pa t konnen poukisa. Epi men yo te la. Sou wout la, li ta pral nan pwi a, pou al chache dlo, e li t ap medite sou bagay ke li—li t ap panse yo, Ekriti yo, san dout, epi yon Limyè te klere devan l. Lè Limyè sa te klere, te gen yon Zanj ki te kanpe.

197 M mande m kijan Mari te santi l piti? Èske w te janm panse a sa? Mwen mande m si l te santi l pè menm jan avè m yè.

198 “Sali, Mari!” *Sali* vle di “kanpe.” “Fè atansyon a sa m pral di w la. Ou beni pami fanm yo, paske ou te jwenn favè devan Bondye, e ou pral fè yon Timoun. Ou pa konnen okenn gason, men ou pral gen yon Timoun. Epi Elizabèt kouzin ou an, ki aje, tou, li vin ansent tou, e li pral fè yon timoun. E siy sa yo pral fèt.”

Li di: “Kijan sa yo pral fèt, konnen, piske mwen pa konnen yon gason?”

199 Li di: “Sentespri a pral kouvri w ak lonbraj Li. Bagay Sen sa ki pral fèt nan ou a pral rele Pitit Bondye a.”

200 Kite mokè yo di sa yo vle. Li te konnen sa. Li te konnen sa t ap fèt, paske Bondye te di sa.

201 Kounye a, kijan li dwe te santi l, jou dedikas sa a, oswa jou ki te vini pou sikonsi Ti Bebe a, alòske li t ap apwoche ak ti Bebe sa nan bra l, *konsa*. Epi tout medam yo te kenbe distans yo, yo tout ak bèl dantèl yo, pou dedikase ti bebe yo epi fè yo sikonsi yo, e prèske yo tout t ap rale yon ayo. Men li te gen de toutrèl, ki t ap pirifye pou pwòp pirifikasyon li. Ti Bebe a ki te vlope nan moso twal la, ki te fèt ak jouk ki soti nan do kou yon bèf, jouk, anvlòp sou do yon bèf. Se te jis moso twal pou vlope nan krèch la. Yo pa t gen anyen pou Li. Yo te twò pòv. Epi men manzè te kanpe la.

202 Pa gen dout, tout medam yo te kenbe distans yo ak ti vyèj la. Yo te di: “Ou wè, li gen yon timoun ki pa lejitim.” Gade kijan Bondye fè bagay yo parèt tèlman radikal. O la la! Li jis rale lenn lan drèt sou je Satan. “Ala degoutan! Ala sal! Adiltè. Se sa li ye. Li se yon adiltè.” Sa pa t rete batman sa nan kè ti Mari. Yo te kenbe distans yo avè L.

203 Yo toujou ap fè menm bagay la, yo rele L kounye a: “Egzalte, oswa fanatik,” oswa yon bagay.

Mari te konnen Bebe Kiyès sa te ye. Li te jis kontinye, jis menm jan an.

204 Men, o, èske yo pa ta dwe remake lè, Simeyon, ki te chita dèyè a nan sal la, yo te pwomèt li? Li t ap fè tou a, ap pwofetize. Li di: “Seyè a te parèt devan m.” Epi l di: “M p ap wè lanmò. . .” E li te gen katreen e kèk lè sa a. “Mwen p ap wè lanmò anvan mwen wè sali Li a.”

205 “O, Simeyon, ou granmoun, pitit gason m. Pa w—pa w. . . Vye kanmarad la te on jan gen tèt li, ou konnen, li on tijan. . . Jis kite l trankil. Li inofansif. Li p ap fè pèsonn mal.”

206 Men Simeyon te gen Pawòl Seyè a, li di: “Mwen te wè Lespri Bondye a desann sou mwen. M te kanpe epi m te gade L. Li di m: ‘Simeyon, ou te yon nonm jis. E ou pa pral. . . M pral fè w yon temwayaj laba a.’” En-en. Se tou.

“Pou kisa Ou pral fè sa, Seyè?”

“Sa se zafè pa M.”

²⁰⁷ Opinyon mwen se, ke Li ka repwoche yo sèten, nan Jou sa. “Nou te gen yon temwen. Poukisa nou pa t koute l?”

²⁰⁸ Gen Àn, yon granmoun avèg, ki chita nan tanp lan, k ap priye. Seyè a te revele l: “Simeyon gen rezon.” Amèn. Li pa t ka wè sa k limyè lajounen ak sa k fè nwa, men li te ka wè pi lwen pase anpil moun jodi a ki gen bon je. Li te wè, nan Lespri, Mesi k ap vini an te pwòch, Lespri a t ap bouje nan kè l.

²⁰⁹ Ou wè kisa ti bout Legliz la te ye? Zakari, Elizabèt, Mari, Jan, Àn, ak Simeyon; sis pami milyon yo. Tankou nan jou Noye yo. Sis nan yo. Bondye te trete ak chak grenn nan yo. Yo tout te ann amoni. Yo tout te rasanble ansanm. Amèn.

²¹⁰ Men li, vye Simeyon. Men ti Bebe a ki rive la. Li pa t janm tandè anyen sou sa. Men Bebe a. Epi Simeyon te chita nan chanm li, epi Lespri a vin sou li, Li di: “Deplase soti, Simeyon.”

²¹¹ Men li t ale, ap mache, li pa konn kote l ta prale. Tankou Abraham, li t ap chache yon bagay. Li pa t konnen ki kote l te ye, men li te kontinye ap deplase. Apre yon ti tan, li te kanpe. E Sentespri a dwe te di l: “Men Li.”

²¹² Li te lonje men l, nan bra Mari, li te pran Bebe a nan bra l. Li te leve je l gade epi li te di: “Seyè, kite sèvitè Ou la pati kite lavi sa ak lapè kounye a. Je m ap gade sali W la.” Bagay ke tout moun t ap pase nan rizib la, sa fanm yo t ap evite a, Simeyon te di: “Se sali W la, Seyè.”

²¹³ E apeprè nan moman sa, men yon vye fanm avèg ki vini, ki t ap viwonnen jwenn wout li, ap mache de bò travèsòditwa a. Epi li te pwoche bò kote L, e li te pwofetize tou, paske li t ap chache L. Li te di Mari: “Yon nepe pral pèsè kè w, men Li va revele pansè anpil kè.” Ou wè? Kisa sa te ye?

²¹⁴ Kounye a, mwen kwè, kèk nan fanm sa yo te di: “Kounye a ou wè sa! Ou wè ki kalite moun sa ye? Men ni. Ou wè? Se sa. Ou wè kote l ye? Mesye granmoun sa a, li deranje nan tèt. Men li lòtbò la, li kanpe devan jenn fi pwostitye sa, ap eseye di yon bagay konsa. Men ni. Timoun ki pa lejitim sa. Gade vye Àn sa, ki chita laba a, ap mouri grangou, epi l ap kontinye konsa. Li p ap pran okenn plezi tankou nou fè l. Men, men ni, ou wè. Li te ka fè pati de tout sosyete nan peyi isi a. Li soti nan yon trè bon fanmi, ou wè, e li te ka fè pati milye sa yo. Men men li. Ou wè ki jan gwoup sa a rasanble ansanm?” O, wi. Amèn.

²¹⁵ Menm bagay la jodi a. “Chita nan lye Selès yo nan Kris Jezi, leve anlè pa Sentespri a.” Se sèten. Wi, mesye.

²¹⁶ O, èske nou jis gen yon ti kras plis tan? Mwen dwe di yon bagay. [Kongregasyon an di: “Wi.”—Editè a.]

²¹⁷ Mwen gen yon lòt pèsonaj isi a, m ap gade, nan moman sa a lè Pawòl la t ap manifeste, maj yo.

218 M swete m te gen tan, Fred, pou w li sa. Ou genyen l nan pòch ou? [Frè Fred Sothmann di: “Wi.”—Editè a.] Mwen panse ke anpil nan nou te wè l nan magazin lan.

219 Bagay ke Sentespri a te pale laba a bò rivyè a, trant twa zan de sa, yo te fèk detere l. 9 desanm lan, pou pwouve sa, nan astwonomi sa, kijan ke—ke Jipitè ak zetwal sa yo, yo te nan konjonksyon!

220 Yo te gen yon vye kalan- . . . astwonomik, wòch ki grave la a, ke yo te detere. Se egzaktman nan moman sa ke konjonksyon an te fèt, nan konstelasyon zetwal sa yo, epi l te parèt drèt sou Babilòn, e maj yo te swiv li. Nou sonje? Òbit yo te kwaze, apre sa yo te vin elwaye ankò, a plizyè milya ane limyè. Epi maj Jwif sa yo ki te nan Babilòn, yo te wè konjonksyon sa ki te vini nan konstelasyon sa, zetwal sa yo. Twa nan yo te deplase, pou reyini ansanm, epi fè sèl zetwal maten sa a. E yo te konnen ke pa Pawòl Bondye a, ke se te tan an, lè zetwal sa yo vin ansanm, ke Mesi a ta dwe sou tè a.

221 Se pou rezon sa yo te kòmanse: “Kote L ye, Wa Jwif yo ki fenk fèt la? Kote L ye? Yon kote! Paske, lè zetwal sa yo vini, jouk kò selès yo vini nan sèl gwo kò selès sa a isi a, lè twa sa yo ap bouje ansanm, Mesi a pral sou tè a nan tan sa.” E lè yo te deplase nan òbit yo, mesye sa yo te konnen ke Mesi a te sou tè a.

222 Yo te mèt nan domèn yo. Yo te vanyan gason. Yo te mèt nan domèn syans relijye yo. Yo t ap obsève kote relijye li. E yo te wè zetwal sa yo ki deplase soti laba a, Jipitè ak Sargas, epi yo te deplase antre nan liy pa yo—pa yo. Epi yo di: “Nou konnen ke Mesi a yon kote. Kifè, Li dwe nan Jerizalèm, paske se kapital relijyon mond lan, relijyon Mesi a. Sa se katye jeneral yo. Sa se katye jeneral denominasyon an. Se la gwo gwoup eklezyastik la chita.”

223 Epi yo te vwayaje sou chamo yo, pandan dezan, yo te travèse Rivyè Tig la, epi marekaj yo ak jeng yo, yo t ap vwayaje, ale nan vil la, kè yo ranpli ak lajwa.

224 Yo te konnen lè zetwal sa yo te nan pozisyon sa la a. E la, menm astwonòm yo di, jodi a: “Si yo an reyalyte, zetwal sa yo, vin nan menm pozisyon sa ankò, sa t ap fè yon sèl zetwal, apati de kote yo te kanpe a, ap gade.” Men yo te dwe kanpe nan plas sa, pou wè l. Amèn. Amèn.

225 Sa depann de kote w kanpe. Sa depann de sa w ap gade a. En-en. Wi.

226 Alò yo te wè l, e yo te swiv li, e yo te egzaktman nan liy. Kèlkeswa kote yo te rive, li te aliyen dwat avè yo. Li te kondwi yo. Ou wè?

227 Se fason sa a ou dwe mete tout Ekriti yo aliyen, tout bagay, apre sa rete nan liy sa a ak Lèzekriti. Se sèl fason sa. L ap kondwi w tou dwat devan L. Se sèten l ap fè l.

228 Kounye a remake. Men yo vini, ap rele: “Kote Sila a, ki fèt Wa Jwif yo?” Anndan Jerizalèm, Etwal la te kondwi yo drèt la, tou dwat nan katye jeneral denominasyon yo. Men lè yo te vire al bò kote yo, Etwal la te kite yo. Yo te antre nan vil la, yo te monte desann nan lari yo. Yo te panse ke vil la t ap ranpli ak lajwa Bondye. Yo t ap monte desann nan lari yo, ak lajwa, yo ta prale, yo t ap rele: “Kote Sila a ki fèt Wa Jwif yo? Nou te wè Etwal Li lè nou te nan Lès, e nou vin adore L.”

229 Sonje, Etwal la, yo te ale nan direksyon lwès. Yo te nan Lès. “N ap vwayaje nan direksyon Lwès, nou toujou ap avanse. Kondwi nou nan . . .” Ou wè? Yo te absoliman . . . Yo te . . . Ebyen, Babilòn ak Lend lonje sou bò Lès Palestin, yon jan nan sidès. Epi yo ta prale nan direksyon lwès. “N ap vwayaje nan direksyon Lwès,” nou konnen chante a, “nou toujou ap avanse. Gide nou nan Limyè pafè sa a.” Ou wè? Yo, maj yo, t ap vin nan lwès. Yo te pati nan Lès, yo ta pral nan lwès, epi yo te wè Etwal sa. Bon, si yo te nan Lwès, yo te gade dèyè, yo pa t ap wè L. Ou wè?

230 Yo, lè yo te rive la, Li te gide yo drèt la, alò Li te kite yo. Epi yo te panse: “Men li. Zetwal la pati, alò men li.” Yo nan vil la. Alò, “O la la,” yo te di, “tout moun jis ap chante epi yo kontan. Glwa Bondye a te limen tout bagay. Kifè, men nou la. Nou konnen ke nou—nou konnen ke akonplisman nou, antan nou t ap gade konjonksyon sa, pèsonn, okenn mèt, pa t ka monte la pou reyini zetwal sa yo ansanm. E nou konnen, lè sa—lè zetwal sa yo vin reyini nan kò selès sa a, se moman sa a Mesi a sou tè a. Mesi a sou tè a.”

231 E chak tan kantite santèn lane, yo pase nan konjonksyon sa ankò, ou wè, e alò gen yon don ki vini sou tè a. Remake.

232 “Mesi a sou tè a, lè sa—lè gwoup zetwal sa yo rasanble ansanm.” E yo te konnen Li te la, kifè yo te ale nan katye jeneral relijyon an, epi yo kòmanse ale, ap di, monte desann nan lari yo te ale, sou chamo sa yo: “Kote L ye? Kote L ye? Kote Sila ki fèt Wa Jwif yo? Nou te wè Etwal Li nan Lès. Li isi a yon kote. Kote L ye? Kote L ye? Kote L ye?” Huh! Ala yon opwòb!

233 Yo t al jwenn prèt an chèf la. Li te di, petèt li te di: “Ki pwoblèm nou genyen kanmarad? Enben, noumenm bann fanatik!” Ou wè? Ala yon opwòb, sou reyalizasyon syantifik yo! Pa pwisans Bondye, yo te wè Etwal Li. E yo te dèzòm saj, entelijan. Yo te nan domèn lasyans relijye. E yo te konnen, lè zetwal sa yo te rive la, Mesi a te yon kote. E isi a, kote ki ta dwe konnen l, pa t konn anyen sou Li.

234 Mwen ta imajine, timoun yo kanpe nan lari a, yo di: “Ha! Gade sa. Ha! Sa se yon bann fanatik. Koute yo, ap di: ‘Kote Sila, ki fèt Wa Jwif yo?’ Yo pa konnen ke Ewòd se wa isi a. Yo pa konnen Evèk *Entèl*.” O la la!

235 “Kote Sila ki fèt Wa Jwif yo? Nou te wè Etwal Li nan Lès.”

236 Yo di: “Vin isi a, nou tout mesye saj isi a, pa bò isit la.” En-en. “Vin isi a. Èske nou tout wè yon Etwal yon kote?”

“O, m pa t janm wè anyen Konsa.”

237 “Nou tout astwonòm vin isi a. Èske nou tout te wè yon Etwal yon kote?”

“Non. Non.”

“Èske nou te wè nenpòt bagay tankou nenpòt kalite siy misterye?”

“Non. Nou pa wè anyen konsa. Non.”

238 Ni kounye a, tou. Menm bagay la. Yo pa wè anyen. Yo pa ka wè Li.

“Euh, ann fè apèl a minis yo—yo. E nou tout?”

“Non. Nou pa t janm wè okenn Etwal.”

239 “Ebyen, e nou menm mesye k ap mezire tan an, isi a sou miray la? Nou gade zetwal yo. Nou konnen chak . . . Nou konn kote chak konjonksyon ye nan syèl la. Nou konn chak etwal. Èske nou te wè yon bagay?”

“Non. Nou pa t wè anyen.” Men Li te la.

240 Glwa pou Bondye! O la la! Èske nou pa ka wè Li? Li la kounye a, e yo pa ka wè Li. Sa ap pase, drèt nan prezans yo, e yo pa ka wè Li.

241 “Non. Nou pa t wè anyen. O, m te ale lòtbò la a. M pa t wè anyen.” Sèten, ou pa wè. Ou jis twò avèg. Se pa pou ou pou wè Li. Ou wè? Si w avèg konsa, enben, sèten, ou p ap wè Li.

242 Se jis pou sila yo ke Bondye va revele Li. Se sila ki wè Li. Li te toujou konsa. Sèten.

243 Se te Noye ki te ka wè lapli a anwo nan syèl la, ou konnen, men rès yo pa t ka fè sa. Ou wè? Yo pa t wè lapli a anwo la, men Noye te wè l.

244 Se te Abraham ki te wè Sarah k ap kenbe bebe a. Se vre. Se pa mokè yo ki te di: “Papa nasyon yo, konbyen timoun ou genyen kounye a?”

245 Ala nou te ka pakouri tout Bib la, saj yo ak pwofèt yo, pase nan tout nètale! “Lafwa se prèv bagay yo pa wè.” Yo konnen Pawòl la te pwononse l, e men li. *Men* prèv li a. Yo wè l. Kounye a remake. O la la!

“Òm saj nou yo pa wè Etwal sa. Pa gen anyen ladan L.”

246 Poukisa? An reyalite, lè yo t ap gade, epi yo te antre ak yon gwoup konsa, Etwal la te etenn.

247 Menm bagay la jodi a. Se sa ki etenn yon pakèt Limyè, se vre, konekte ak yon gwoup konsa, ki pa menm kwè Li, depi nan kòmansman. E kijan nou pral gen yon—yon inyon legliz yo? “Kijan nou pral mache ansanm eksepte si nou dakò?” Kijan

fratènite a nan . . . nan sa isi a, atravè lemond, tout legliz yo—yo, legliz yo ini nan mond lan? Kijan nou pral ini ansanm, alòske nou separe plizyè milyon kilomèt? Ou wè? Kijan nou pral fè sa? Evanjelik yo avèk nou, ak *sesi*, ak *sela*, ak *sela*, ak tout ansanm, e poutan ini ansanm ak yon pakèt kòripsyon konsa.

248 Bondye ap pran yon Madanm ki pi, ki sen, ki san adiltè, ki rete ak Pawòl Li. Dakò.

249 OPwòb Jezi pou Pawòl la. (Epi apre sa n ap kanpe, nan jis yon minit.) Jezi te sibi opwòb pou Pawòl la. Gade isi a. Kijan Li te ka sipòte opwòb la, lè Li te Bondye Diven, enkanne a? Li te Bondye, Limenm, ki te fèt chè.

250 Kounye a, nou konnen Bib la di sa. “Nou te manyen L ak men nou. Zanj yo te wè L.” Jis panse a sa. Mwen kwè Timote di l on jan konsa. Ou wè? Ke, “San kontradiksyon mistè pyete a gran; paske Bondye te manifeste nan lachè, Zanj yo te wè l.”

251 Zanj yo te nan nesans Li. Kijan Zanj yo dwe te gade anba epi te rejwi, lè yo te gade anba nan krèch la anba epi yo te wè Bondye enkanne. Amèn. Se pa etonan yo kòmanse rele: “Jodi a, nan vil David la, Kris Sovè a fèt.” Zanj yo te rejwi, e yo te balanse gwo zèl yo ansanm, epi anlè ti mòn Jide yo, yo te chante, “Glwa pou Bondye anwo nèt la, lapè sou tè a, ak byenveyans pou lèzòm.” Yo te wè Pawòl Bondye a, ke yo te veye sou Li, pou wè Li manifeste. Epi men Li te la.

252 Kounye a, Satan pat kwè sa, ou konnen. Li di: “Si Ou se . . .”

Zanj lan di: “Se sa Li ye.” Se diferans lan sa.

“Si se Ou menm, fè *tèl tèl bagay*. Kite nou wè W ap fè l.”

Men Zanj la di: “Li la.”

253 Maj yo ak lasyans relijye yo, te di: “Li la.” Amèn.

254 Se pou rezon sa a akeyològ yo ak tout bagay jodi a ap detere bagay sa yo, ki te pwofetize sa fè kèk ane de sa, ki ta pral rive. E men yo la, ap detere. Yo pa janm menm . . .

255 Pa gen okenn istwa ki te janm di ke Pons Pilat te janm sou tè a. Èske nou te konnen sa? Kèk nan nou timoun lekòl yo di m ki kote nan listwa ki te di gen Pons Pilat. E enkwayan yo pase l nan betiz epi pase l nan rizib, yo di: “Pa t janm te gen yon—yon anperè Women ki te rele, yon—yon gouvènè ki te rele, Pons Pilat.” Men apeprè sis semèn de sa, yo te detere wòch nan kwen an: Pons Pilat, gouvènè. O la la! Ala yon absidite!

256 Yo te di: “Pa t janm gen yon Ramsès nan listwa, Ramsès sou Lejip.” Men yo te detere yon wòch, akeyoloji: Ramsès II. Remake.

257 Epi yo te di ke miray sa yo pa t janm tonbe. Akeyològ t ap fouye arebò la a, e, premye bagay ou konnen, yo te detere, jouk anba nan kote miray yo te tonbe nan Jeriko, nou konnen, lè twonpèt yo te sonnen. Yo di: “Se te jis yon mit, yon chante yon moun te di, te chante anvan la.” Wi. Mokè yo di sa. “Se te jis

yon mit. Pa janm te gen okenn bagay konsa tankou miray yo ki tonbe, epi Jozye t ap sonnen yon twonpèt, epi li te kouri apwoche bò miray yo epi yo te tonbe. Pat janm gen yon bagay konsa.” E yon gwo akeyològ Kreyen te jis kontinye ap fouye, paske li te konnen se sa li te dwe ye. Li te fouye trant e kèk pye, anba kote rès yo te ye a. Men miray yo te la, yo te anpile jis youn sou lòt, jis jan Pawòl la te di a.

258 Yo te di: “Pa t gen yon bagay konsa tankou David ki te janm jwe enstriman li, yon ap ak kòd, paske yo pa t konnen mizik ak kòd jouk kenzyèm syèk la.” Yo te di: “Pa t janm gen yon bagay konsa.” Akeyològ Kreyen yo te detere, anba nan peyi Lejip. Kat mil an de sa, yo te gen enstriman ak kòd. Amèn. O la la!

259 Yo te di, konsènan timoun Ebre yo ki t ap fè wòch yo ak bagay konsa, ak pay, “Pa t gen yon bagay konsa.” Akeyològ yo te al fouye la. Kisa yo te jwenn? Sa se lasyans. Kisa yo te jwenn? Miray vil ke Ebre yo te bati a, premye kouch wòch la se te pay long; dezyèm lan te koupe nan ti bout moso pay; e twazyèm lan pa t gen pay ladan l, ditou. O la la!

Nasyon yo ap kraze, Izrayèl ap reveye,
Siy ke pwofèt yo te predi yo;

260 Wi, mesye. Tout sa vin jwenn nou dwat, frè, sè. Pouki se sa? Nan kèk dènye ane yo, jamè mond sinema a pa t janm fè sa l te fè a. Sou ekran an gen yon istwa *Dis Komandanman* Yo pa Cecil DeMille ki vini. Sou ekran an vi Jezikri te vini atravè *Ben Hur*. Sou ekran an *Gran Pechè A* vini, konvèsyon Pyè a. E tout pyès teyat relijye sa yo, ke sinema yo te refize, epi yo te sal, epi yo te rejte yo. Men, Bondye, ak pouvwa pwisan Li, fè l soti sonnen fò, jis menm jan an.

261 Kounye a menm, bagay sa yo ki te di sa gen kèk lane, yon pòv, ti sèvitè enb, mwenmenm, pou Bondye, mwen te di: “Gen yon Limyè ki te kanpe e ki te pale avè m, e ki te di m bagay pou m fè yo.” Moun yo te ri epi yo te di: “Li on ti jan pèdi tèt li.” Gen yon foto Li. Lasyans te pran Li. Li la. Se Laverite.

Mwen te di: “Madanm lan te kouvri ak lonbraj lanmò.”

262 Yo te di: “Yon lonbraj, kounye a, sa a san sans. Li jis envante sa nan lespri l.”

263 Men foto li. Bondye va fè wòch yo rele. Li kapab fè sa Li vle.

264 Jezi, opwòb pou Pawòl la. Pitit Diven Bondye a ki kanpe la a, Emanyèl, ala yon opwòb! Kite pechè enkwayan an mare L, krache nan figi L, epi rache ponyen bab, epi ba L defi pou L fè nenpòt bagay sou sa. Opwòb pou Pawòl la! En-en. Kisa? Pou akonpli Pawòl Papa a. O! Men, sonje, Li dwe sibi opwòb lanmò a. Bondye, Ki pa ka mouri, epi sèl Sila ki te ka mouri pou sove yon pechè. Nanpwen lòt moun, nanpwen dezyèm moun oswa twazyèm moun, ki te ka fè l. Bondye Limenm se sèl Sila ki ka fè l. E men Li te la a.

265 Li te di: “Pa gen okenn moun ki te monte eksepte Sila ki te desann anba a, menm Fis de lòm lan ki nan Syèl la kounye a.” Amèn.

266 Yo te di: “Zansèt nou yo manje lamàn nan dezè a.”

“Epi yo mouri,” Li di.

“E Ou di ke Ou se Pen Lavi a?”

267 Li di: “Anvan Abraham te ye, MWEN YE. Mwen se Pen Lavi a. Mwen se MWEN YE a.”

268 Yo di: “Ou pa gen senkantàn, epi W di ke Ou ‘te wè Abraham?’”

269 Li di: “Anvan Abraham te ye, MWEN YE.” Epi kite pechè yo mare L, legliz denominasyonèl la, mare L.

270 Nou sonje, nan dènye jou a, legliz rich Lawodise sa a, yo te mete L deyò, menm, nan legliz la. Ou wè kote sa ye kounye a? Èske w ka wè poukisa m ap rele kont sistèm sa a?

271 Poukisa Jezi te kite pechè yo mare L? Se te pou akonpli Pawòl la, pote opwòb pou Bondye, mouri. Bondye te dwe mouri. Li te dwe nan lachè, pou l te ka mouri. E Jezi te konnen sa. Li te pale yo de sa. Li di: “Detwi tanp sa a, e M va leve l ankò.” Se pa yon lòt moun ki leve l. “M pral leve l. Nan twa jou, M pral fè l retounen drèt ankò. Detwi l; M pral leve l. Menm jan Jonas te nan vant balèn lan, pandan twa jou ak nwit, se konsa Fis de lòm lan dwe nan kè tè a.” E yo pa t menm konprann sa. Ou wè? Yon opwòb pou Pawòl la, Li—Li te ye a.

272 Kounye a, yo te pase L nan rizib jouk nan lanmò, pou resisite ankò pou Lavi Etènèl. Yo te dwe touye Li anvan, pou L te ka resisite pou Lavi Etènèl, epi mennen tout lòt èt imen (ki te sou fòm Li) nan Lavi Etènèl, ki t ap aksepte Li. Ou wè? Li te vin imen, li te vin yon paran Redanptè, e L te oblije sibi opwòb tout mokri a, ak tout pase nan rizib la, jis tankou kanmarad sèvitè L yo te fè anvan L. Tankou Moyiz, tankou Noye, tankou tout rès yo te sipòte mokri sa a, Li te dwe sipòte mokri a. Poukisa? Li te gen Pawòl la, e Li te Pawòl la. Se pou rezon sa yo te pase L nan betiz plis pase tout tan. Li te Diven e L te Pawòl la Limenm. Alelouya! Se sa ki fè de Li sa L te ye a.

273 Jezi di: “Nou ipokrit.” Li di: “Nou bati tonm pwofèt yo, e nou se sila ki mete yo anndan la. Yo vini ak Pawòl Bondye a, e nou pa t kwè yo. Nou koupab pou yo chak.”

274 Nan Phoenix, si Bondye vle, yon mo te frape m lòt jou a, mwen pral akize jenerasyon sa poutèt li te touye Jezikri, krisifye L ankò, m pral pote yon akizasyon devan asosyasyon ministeryèl sa, si Bondye vle. Yo koupab pou San Jezikri a, paske yo te krisifye L ankò. Wi, mesye. Akize yo tout!

275 Pyè te akize yo, nan Jou Pannkot la. Li te di: “Nou menm ak men mechan yo nou krisifye Prens Lavi a, Ke Bondye te resisite. Nou se temwen.” Li te pote yon akizasyon.

276 M pral pran Pawòl Bondye a, akize chak denominasyon ki genyen, epi tout moun sou fas tè a, ki koupab pou San Jezikri a. Bondye ede m pou m vin avoka Li nan jou sa. Amèn. Wi.

277 O, mokè yo te pase L nan rizib. Yo te ba L yon opwòb. Li te rete dwat avè L. Amèn. O! Gade sa Li te fè. Li te Pitit Bondye a, Li te soufri lanmò pou L te touye peche. Li te dwe fè sa. La . . . Se sèl fason sa te ka touye l. E Li te fè sa, e L te sipòte l, paske tout rès yo te fè sa.

278 Paske, yo tout anvan la a te gen Pawòl Bondye a an minyati. Paske, Jezi te di sa. “Pawòl Seyè a—a te vin jwenn pwofèt yo. E kilès nan yo,” Li di, “ke zansèt nou yo, relijyon òganize nou an, pa t kalonnen ak wòch epi touye yo? Kilès nan yo ki te resevwa pwofèt yo? Apre sa nou bati tonm yo apre yo fin ale.” Li di: “Nou se koupab la poutèt nou mete yo la.”

279 Apre sa Li ba yo parabòl la sou jaden rezen yo te afème a, epi sèvitè yo te vini. Yo te maltrete yo, epi finalman yo di: “Kounye a nou pral touye pitit gason an, paske li se eritye a.” Ou wè? O, yo te fache lè yo te wè sa. Ou wè?

280 Men Li te dwe sipòte opwòb la. E men yo te mare L Limenm, mennen L nan lanmò, pou yo ka touye L, pou fè Lavi Etènèl retounen. Glwa pou Bondye! O, ala mwen renmen L! Fè Lavi Etènèl retounen epi resisite chak pitit Bondye, atravè laj la, ki te kanpe ak Pawòl sa e ki te pran repwòch la. Se vre.

281 Si Li pat vini, Noye pa t ap ka resisite. Si Li pat vini, Eli pa t ap ka retounen. Si L pat vini, Noye pa t ap janm resisite, si Li pat ka . . . si L pat vini. Paske, Li te Ayo predestine sa, ki te vini pou pran opwòb la sou Tèt Li, epi Li te sibi lanmò pou chak Pawòl Bondye ki te pwononse, e ke mesye jis sa yo te pran pozisyon pou Li. Li te dwe la. Pa gen lòt moun ki te ka fè l. Bondye Limenm, e Li te vini e Li te pran plas la, pou Li te ka rachte epi bay Lavi Etènèl bay chak pitit Bondye ki te kanpe pou menm Pawòl la e ki ta vle sibi opwòb la. Chak pitit Bondye, atravè laj la, ki t ap sipòte opwòb la, pat gen pèsonn ki te ka rachte l, men pa lafwa li te wè Redanmtè sa ap vini.

282 Jòb te wè L. Jòb te kanpe anvan la, epi yo di: “O, ou se yon pechè an sekre. Bondye jis ap maltrete w, paske ou se yon pechè an sekre.”

283 Li di: “Mwen konnen Redanmtè m lan vivan. Nan dènye jou yo Li va kanpe sou tè a. Menm si vè sou po yo detwi kò sa a, poutan, nan chè m mwen va wè Bondye.”

284 Madanm li di: “Poukisa ou pa modi L epi mouri?” Li di: “Ou sanble ak yon malerèz mizerab.”

285 Li di: “Ou pale tankou yon fanm ki fou.” Amèn. Men Li te la. “Mwen konnen L ap viv, e L pral kanpe nan dènye Jou a.”

286 Si Jezi pat vini, Jòb pa t ap kapab rachte, paske Li te Ayo yo te touye depi fondasyon mond lan. Li te konn plas Li. Li te konnen pozisyon Li.

287 Se rezon sa, Mari te rekonèt pozisyon sa, jou sa lè li te soti la. Li di . . . “Si mwen . . . Ou te la, frè m lan pa t ap mouri.”

Li di: “Frè w la va resisite.”

Li di: “Wi, Seyè, nan rezirèksyon an. Li te yon bon gason.”

Jezi di: “Men se rezirèksyon sa MWEN YE. Èske w kwè sa?”

288 Li di: “Wi, Seyè, mwen kwè ke Ou se Pitit Bondye ki te gen pou vini nan mond lan.”

Li di: “Ki kote ou antere l?” O! Men ni. Um-hum.

289 Li te rekonèt sa. Ti madanm sa pa t ap di sa. Li te gen sèt demon ki te chase sot nan li. Li te konnen pwisans Bondye, ki te ka retire fyète ak estrès ak tout bagay, sot nan li, ki te ka retire ti lespri lekòl segondè egoyis sa a sot nan li, e ki te ka fè l yon nouvo kreyati. Li chase sèt demon. Fanm sa yo te konnen kisa Li te ye, yo menm ki te aksepte L.

290 Yo konnen kisa Li te ka fè pou yo. Se konsa yo fè jodi a, tou. Jis aksepte l. Sa se pwochen bagay la.

291 Men Li. Manzè te di sa. E Li . . . Nou konnen sa k te pase. O!

292 Tout sa ki tap soufri pou menm Pawòl la, Li te mouri pou kòz sa. Li te sèl Sila ki te ka mouri, pou fè l, paske Li te Pawòl la. Li te Pawòl la, Pawòl ki manifeste a. Tout lòt yo te gen ti gout, men men plenitud Bondye a, nan Li. Menm sa Li ye jodi a. Èbre 13:8: “Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.” Koute.

293 M ap fini, vrèman. Mwen pral fè l, mwen jis dwe fè l. Mwen depase tan an nèt.

294 Li pa t janm ekri yon sèl Pawòl. Èske Li te fè l? [Kongregasyon di: “Non.”—Editè a.] Li pat janm ekri yon Pawòl. Poukisa? Li te Pawòl la. Li te kisa? Pawòl ki te ekri yo, Li te manifestasyon Pawòl sa. Glwa! Ouf! Kounye a mwen santi m byen. Li te Pawòl la. Li pa t gen anyen pou L ekri. Li te Pawòl la, Pawòl ekri sa ki te manifeste. Glwa pou Bondye! Li se menm lan jodi a, ayè, jodi a ak pou tout tan. Li se Pawòl la, Pawòl ki manifeste a.

Ou di: “Èske se vre, Frè Branham?”

295 Obsève Jewova ki kanpe dèyè a la epi ki souffle pou seche yon chimen nan mitan dlo yo laba, epi fè yon wout pou Izrayèl ka travèse apye.

296 Obsève Jewova nan lachè, ki di: “Lapè, rete trankil.” Lè vag yo t ap bat sou rivaj yo, nan tanpèt la, epi dyab la t ap niche tout bagay, konsa, Li di: “Lapè, rete trankil.” E li te obeyi L; van yo ak tout bagay. Li te Jewova. Amèn.

297 Jewova sa a ki te ka kanpe laba a epi farinen kèk ti gout lawoze, kite l tonbe atè a epi vin fè pen, pou nourri yon pèp.

298 Li te kanpe epi L te pran senk pwason, oswa, senk biswit ak de pwason, epi L te nourri senk mil.

299 Li te Pawòl la. Amèn. Amèn. Li se Pawòl la, e Li va toujou Pawòl la. E pou mwenmenm ak kay mwen, nou va sèvi Pawòl la.

O, mwen vle wè L, m vle gade figi L,
La a chante gras sali Li pou tout tan;
Nan lari Laglwa yo, kite m leve vwa m;
Lè tout sousi pase, lakay finalman, pou rejwi
tout tan.

300 O la la! Wi. Sipòte opwòb Pawòl la. Gen yon opwòb ki mache ak Pawòl la. Rete dwat ak Pawòl la, epi pote opwòb la.

Ann lapriye.

301 Jezi, tankou lòt jou swa a, Seyè, mwen te rele: “O Jezi, kisa W vle m fè? Kisa m ka fè, Seyè? Lè m wè bagay sa yo, e m konnen lè n ap viv la, kisa m ka fè, Seyè? Kisa m ka fè?”

302 Mwen priye pou ti legliz mwen an isi a, Seyè. Mwen panse a ti zwazo yo nan vizyon an, bagay yo ki te la; ak lòt zwazo yo, ki te gwo bagay yo. Men te gen twa ranje ladan yo, Seyè. Men lè Zanj sa yo te antre, pat gen okenn zwazo ki te rete. Ti mesaje yo te mèveye, Seyè, men mwen kwè ke gen yon bagay ki jis pare pou rive. Kite l fèt, Seyè. Moule nou epi fè nou dapre fason Ou. Nou se—nou se ajil la. Ou se Potye a.

303 Nan lavèy Nwèl sa, Seyè, nou gen rekonesans pou kado Bondye a, pou sa Bondye ba nou. Menm si sa se kèk, jan nou kwè nan kè nou, kèk sipèstisyon payen nan yon epòk ke yo te eseye fòme li epi fè li tankou yon—yon mès, mès Kris, men nou p ap vini nan fason Tonton Nwèl ak ab de Nwèl ak—ak dekorasyon. Men n ap vini nan Non Seyè Jezi, pou adore Bondye nan Syèl la, ki te enkane, nan lachè tankou nou, e ki te abite nan mitan nou, pou rachte nou; e L te sibi opwòb Non an, Li te sibi opwòb lakwa a, pou kite yon enstitisyon monn lan touye Emanyèl, yon fason pou Li te ka mennen nou nan Lavi Etènèl.

304 Ki moun nou ye, Seyè? Ki moun nou ye, pou n ta dwe evite nenpòt opwòb? Bondye, fè nou vanyan sòlda. Mwen remèt pawòl sa yo ba Ou, Papa. Yo te ka kraze; fatigue epi bouke jan m ye a. Men, Papa, rekonpanse moun sa yo poutèt yo chita ap koute. E ke pwisans ki te fè Seyè nou an monte, e ki te prezante L ba nou isi a kòm yon Sovè, nan dènye jou sa yo, ke li vivifye chak lespri isi a, Seyè, pou Vini Seyè Jezi a ki toupre. Ke se konsa sa fèt, Papa.

305 Geri malad ak aflije ki nan mitan nou yo. Panse kè brize yo. Seyè, n ap . . . Nou sitèlman pase anpil bagay, kè m gen si tèlman mak sou li, Seyè, ki sot nan batay ki di. Mwen se yon vye veteran. Ede m, Seyè. Mwen bezwen èd Ou. Petèt tout antrènman sa a te

pou yon rezon. Mwen gen konfyans ke se te sa, Seyè. Ede m, O Bondye. Epi ede legliz sa. Epi beni nou, ansanm.

³⁰⁶ Beni timoun piti yo. M ap panse a anpil jodi a, ti, pòv ti kanmarad p ap resevwa anyen laba a. E mwen—mwen priye ke Ou va avèk yo epi ede yo. Ba yo Lavi Etènèl, Seyè. Sa se gran . . . sa se Kado Nwèl ke nou vle a, se Lavi Jezikri pou dirije epi reye nan kè m. Se sa m vle, Seyè.

³⁰⁷ Beni nou, ansanm kounye a. Nou remèt Pawòl sa yo ba Ou. Kite yo tonbe nenpòt kote yo vle, Seyè. Kèlkeswa kote kè sa janm louvri, ke yo pote yon gran tan sali, nan Non Jezi. Amèn.

³⁰⁸ Kèlkeswa moun . . . Konbyen moun ki renmen L? Pouki nou tèlman prese, kanmenm? O, mwen renmen L! Mwen renmen L. “Seyè, kisa W vle m fè?”

³⁰⁹ Pa bliye sèvis yo aswè a. Nou konn kisa Nwèl vle di kounye a? O, *Sa se kado Nwèl mwen an. Sa se Pawòl sa. Seyè, si mwen ka jis kite tèt mwen, si mwen ka jis fè tèt mwen soti nan chimen an pou Pawòl Ou ka eksprime Li, eksprime Limenm *isi a*, se—se pi gran bagay mwen konnen.*

³¹⁰ Kounye a mwen panse yo gen kèk bagay yo vle bay timoun yo. Kounye a m ap remèt sèvis la bay Frè Neville. Bondye beni nou.

Frè Neville. 

62-1223 Opwòb Pou Kòz Pawòl La
Branham Tabènak
Jeffersonville, Indyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papey kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org